

**ANALISIS KALEPATAN BASA JAWI ING SERATAN CAKEPAN
TETEMBANGAN WONTEN SALEBETING VCD NELLA KHARISMA**

SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Minangka Jejangkeping Sarat Anggayuh

Gelar Sarjana Pendidikan



Dening:

Arin Fitria Ningrum

NIM 15205241070

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2019

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan “*Analisis* Kalepatan Basa Jawi ing Seratan Cakepan Tetembangan wonten Salebeting *VCD* Nella Kharisma” menika sampun angsal palilah saking *Dosen Pembimbing* supados dipunajengaken ing pendadaran.



Yogyakarta, 20 Oktober 2019

Dra. Siti Mulyani, M. Hum.

NIP 19620729 198703 2 002

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan “*Analisis Kalepatan Basa Jawi ing Seratan Cakepan Tetembangan wonten Salebeting VCD Nella Kharisma*” menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajengipun *Dewan Penguji Skripsi* tanggal .

DEWAN PENGUJI

Nama	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
1. Dra. Siti Mulyani, M. Hum	Ketua Penguji		<u>18-10-2019</u>
2. Sri Hertanti Wulan, M. Hum	Sekretaris Penguji		<u>18-10-2019</u>
3. Drs. Hardiyanto, M. Hum	Penguji Utama		<u>18-10-2019</u>

Yogyakarta, 26 Desember 2019

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta



Dr. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.

NIP 19621008 198803 2 001

WEDHARAN

Ingkang napak asma wonten ing ngandhap menika, kula

Nama : Arin Fitria Ningrum

NIM : 15205241070


Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni

Ngandharaken bilih *skripsi* menika minangka asiling panaliten kula piyambak. Samangertos kula, *skripsi* menika boten sami kaliyan ingkang kaserat dening tiyang sanes, kajawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pethik sarana kangge dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan *skripsi* ingkang umum. Seratan ing wedharan menika kula serat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukti bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggél jawab kula minangka pribadhi.

Yogyakarta, 10 Oktober 2019

Panyerat



Arin Fitria Ningrum

SESANTI

“Aja digegem tangane yen pengen pinter”

(†)Yohanes Maharyanto

PINSUNGSUNG

Kanthi raos syukur dhumateng Allah SWT, skripsi menika kula aturaken tiyang sepuh kula, Bapak Warsiyo saha Ibu Purwanti ingkang sampun paring panjurung, panyengkuyung sah donga pangestu satemah skripsi menika saged paripurna.

PRAWACANA

Puji syukur panyerat aturaken dhumateng Allah SWT ingkang sampun paring rahmat saha hidayahipun, satemah panyerat saged mungkasi skripsi kanthi irah-irahan “*Analisis Kalepatan Basa Jawi ing Seratan Cakepan Tetembangan wonten Salebeting VCD Nella Kharisma*” saged kaimpun kanthi nir ing sambekala. Skripsi menika kaserat kangge njangkepi salah satunggalipun sarat anggayuh gelar sarjana pendidikan.

Panyerat ugi ngaturaken agunging panuwun dhumateng Ibu Dra. Siti Mulyani, M.Hum., minangka Dosen Pembimbing skripsi ingkang sampun paring panjurung, pamrayogi, panyaruwe, saha bimbingan kanthi sabar saha tulus sadangunipun kula nyerat skripsi, satemah skripsi menika saged paripurna kanthi sae.

Skripsi menika saged paripurna ugi amargi sampun dipunsengkuyung saking mapinten-pinten *pihak*. Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng:

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M.Pd., minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring wekdal dhateng kula kangge pados ngelmu.
2. Ibu Dr. Sri Harti Widyastuti, M.Hum., minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat skripsi.
3. Bapak Prof. Dr. Suwardi, M. Hum., minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh saha pandom salebeting kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
4. Bapak Dr. Drs. Mulyana, M.Hum., minangka dosen Penasehat Akademik ingkang sampun paring bimbingan, panyengkuyung, saha panjurungipun sadangunipun kula sinau ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.

5. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni ingkang murakabi tumrap panyerat.
6. Staf karyawan Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah awit saking paring pambiyantu.
7. Dosen Penguji Tugas Akhir Skripsi ingkang sampun paring pambiji saha pamrayoginipun.
8. Tiyang sepuh kula, Bapak Warsiyo saha Ibu Purwanti sampun nggula wentah kula, paring panyengkuyung, panjurung saha pandonganipun.
9. Kadang enem kula, Tatang Dwi Kuncoro saha Cesario Aji Nugraha sampun paring panjurung saha pandonganipun.
10. Brayat ageng Kamidin Harto Diharjo, brayat ageng Slamet Parto Wiyono saha brayat ageng Kuat Wiryo Sukarto ingkang sampun pinaring panjurung saha pandonganipun dhateng panyerat satemah skripsi menika saged paripurna kanthi gancar.
11. Kanca-kanca Paguyuban Bayu Bajra, saha sedaya pihak ingkang sampun paring panjurung saha pandonganipun dhateng panyerat satemah skripsi menika saged paripurna kanthi sae.

Skripsi menika tamtu kemawon tasih dereng kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika, panyerat nyuwun pamrayogi saha panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning asiling panaliten menika. Wasana, mugi skripsi menika sageda murakabi kangge sedaya tiyang ingkang maos.

Yogyakarta, 20 Oktober 2019

Panyerat



Arin Fitria Ningrum

PRATELAN ISI

IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN.....	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA.....	vii
PRATELAN ISI.....	ix
PRATELAN TABEL	xiii
PRATELAN LAMPIRAN	xiv
SARINING PANALITEN	xv
BAB I PURWAKA	1
A. DHASARING PANALITEN	1
B. UNDERANING PERKAWIS	2
C. WATESANING PERKAWIS	3
D. WOSING PERKAWIS	4
E. ANCASING PANALITEN	4
F. PAEDAHING PANALITEN.....	5
G. PANGERTOSAN TEMBUNG.....	5
BAB II GEGARAN TEORI.....	8
A. ANDHARAN TEORI	8
1. <i>Analisis</i> Kalepatan Basa	8
a. Pangertosan <i>Analisis</i> Kalepatan Basa	8
b. Jinising Kalepatan Basa	11
1) Kalepatan <i>Fonologis</i>	13
2) Kalepatan <i>Morfologis</i>	14
3) Kalepatan <i>Leksikal</i>	15
4) Kalepatan <i>Sintaksis</i>	16

B. PANALITEN INKGANG JUMBUH.....	18
C. NALARING PIKIR.....	19
BAB III CARA PANALITEN	21
A. JINISING PANALITEN	21
B. DATA SAHA SUMBER DATA	21
C. CARA NGEMPALAKEN DATA	22
D. PIRANTINING PANALITEN.....	23
E. CARA ANALISIS DATA.....	24
F. VALIDITAS SAHA RELIABILITAS DATA	25
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	27
A. ASILING PANALITEN	27
B. PIREMBAGAN.....	34
1. Kalepatan <i>Fonologis</i>	34
a. Kalepatan Panyerating <i>Vokal</i>	35
1) <i>Vokal /ɔ/</i> dipunserat o saha <i>/ɔ/</i> dipunserat e.....	35
2) <i>Vokal /u/</i> dipunserat o	37
3) <i>Vokal /o/</i> dipunserat u	37
4) <i>Vokal /i/</i> dipunserat e	38
5) <i>Vokal /e/</i> dipunserat i	39
b. Kalepatan Panyerating <i>Konsonan</i>	39
1) <i>Konsonan /d/</i> dipunserat d	40
2) <i>Konsonan /t/</i> dipunserat t	41
3) <i>Konsonan /b/</i> dipunserat p	41
4) <i>Konsonan /y/</i> dipunserat i	42
5) <i>Konsonan /g/</i> dipunserat k	42
c. Panyerating tembung ingkang dipunwuwuhi <i>Konsonan</i>	43
1) <i>Konsonan /z/</i>	43
d. Panyerating tembung ingkang dipunkirangi <i>Konsonan</i>	43
1) <i>Konsonan /g/</i>	44
2) <i>Konsonan /w/</i>	44
3) <i>Konsonan /y/</i>	45
4) <i>Konsonan /k/</i>	46

5) <i>Konsonan /h/</i>	46
e. Panyerating Aksara Kapital	47
f. Panyerating Tandha Pamaos.....	47
2. Kalepatan <i>Morfologis</i>	48
a. Panyerating Ater-ater	48
1) Ater-ater /di-/	49
2) Ater-ater /tak-/.....	49
3) Ater-ater /kok-/ saha /mbok-/.....	50
4) Ater-ater /ke-/.....	51
5) Ater-ater /sa-/	52
b. Panyerating Panambang.....	52
1) Panambang /-(a)ke/	52
2) Panambang /-a/	53
3) Panambang /-na/	54
4) Panambang /-ana/.....	54
c. Panyerating Wuwuhan Sesarengan	54
1) /N-/ake/	55
2) /N-/na/	56
3) /di-/ake/	56
4) /di-/na/.....	57
5) /Tok-/i/	57
6) /Tak-/ake/.....	58
7) /Tak-/i/	59
8) /sa-/e/	60
9) /ke-/an/	61
3. Kalepatan <i>Leksikal</i>	61
a. Panganggening Tembung Basa Indonesia	62
b. Panganggening Wuwuhan Basa Jawi	63
c. Tembung ingkang Boten Baken.....	63
4. Kalepatan <i>Sintaksis</i>	63
a. Kalepatan <i>Struktur Frasa</i>	64

BAB V PANUTUP	65
A. DUDUTAN	65
B. IMPLIKASI.....	66
C. PAMRAYOGI.....	67
KAPUSTAKAN.....	68
LAMPIRAN.....	70

PRATELAN TABEL

Tabel 1: Beda Antawisipun Kalepatan (<i>Error</i>) saha Klintu (<i>Mistake</i>) Panganggening Basa.....	9
Tabel 2: Format <i>Analisis</i> Data	24
Tabel 3: Jinis saha Wujud Kalepatan Basa Jawi Seratan Cakepan Tetembangan Wonten Salebeting VCD Nella Kharisma	26

PRATELAN LAMPIRAN

Lampiran 1: Tabel Analisis data	70
---------------------------------------	----

ANALISIS KALEPATAN BASA JAWI ING SERATAN CAKEPAN TETEMBANGAN WONTEN SALEBETING VCD NELLA KHARISMA

Dening: Arin Fitria Ningrum
15205241070

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas ngandharaken jinis saha wujud kalepatan basa Jawi ing seratan cakepan tetembangan VCD Nella Kharisma. Jinis saha wujud kalepatan basa menika dipunanalisis kanthi sakawan *tataran linguistik*, inggih menika *fonologi*, *morfologi*, *leksikal saha sintaksis*.

Panaliten menika ngginakaken cara panaliten *deskriptif*. Data wonten ing panaliten menika awujud tembung ngantos dumugi ukara. Sumber data ing panaliten inggih menika seratan cakepan tetembangan ing VCD Nella Kharisma. Tembang ingkang kataliti ing panaliten menika wonten cacah 19 tembang. Studio ingkang ndamel *video* saha seratan cakepan tembang inggih menika Lagista Perdana Record. Data panaliten menika dipunkempalaken kanthi metode nyemak saha nyerat. Nalika manggihaken kalepatan basa, lajeng data dipuntetepaken jinis saha wujud kalepatan basa. Salajengipun data dipunperang miturut jinis saha wujud kalepatan basa. Sasampunipun data dipunperang, lajeng jinis saha wujud kalepatan basa dipunanalisis ing *tataran fonologis*, *morfologis*, *leksikal saha sintaksis*. *Validitas* data ing panaliten menika kanthi *teknik triangulasi teori*. Wondene *reliabilitas* data kanthi cara panaliti kedah taliti anggenipun nyemak supados manggihaken titikan saha *unsur* ingkang jumbuh kaliyan perkawis ingkang dipunpadosi.

Asiling panaliten jumbuh kaliyan kalepatan basa Jawi ing seratan cakepan tetembangan VCD Nella Kharisma kapanggihaken jinis saha wujud kalepatan basa. Kalepatan basa kaperang dados sakawan tataran linguistik, inggih menika *fonologis*, *morfologis*, *leksikal saha sintaksis*. Wonten *tataran fonologis* kapanggihaken jinis kalepatan panyerating *vokal*, kalepatan panyerating *konsonan*, saha kalepatan panyerating tembung. Wondene wujud kalepatan basa lepating panyeratan *fonem vokal* /ə/ dipunserat o, *vokal* /ə/ dipunserat e, *vokal* /u/ dipunserat o, *vokal* /o/ dipunserat u, *vokal* /i/ dipunserat e, *vokal* /e/ dipunserat i. Lepating panyeratan *fonem konsonan* kapanggihaken kanthi awujud /d/ dipunserat d, /t/ dipunserat t, /b/ dipunserat p, /y/ dipunserat i, /g/ dipunserat k, panyerating tembung ingkang dipunwuwuhi aksara *konsonan* /z/, panyerating tembung ingkang dipunkirangi aksara *konsonan*ipun /g/, /w/, /y/, /k/. Kajawi menika ugi kapanggihaken lepating panyeratan aksara *kapital* saha lepating panyeratan tandha pamaos (-). Kalepatan *morfologis* basa Jawi ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma kapanggihaken jinising kalepatan inggih menika wuwuhan ater-ater, panambang saha wuwuhan sesarengan. Wujuding kalepatan *morfologis* inggih menika lepating seratan ater-ater di-, tak-, tok, mbok-, ke-, saha sa-. Lepating seratan panambang -ake, -a, -na, -ana. Lepating seratan wuwuhan sesarengan N-/ake, N-/na, di-/ake, di-/na, tok-/i, tak-/ake, tak-/i, sa-/e, ke-/an. Kalepatan *leksikal* basa Jawi ugi kapanggihaken ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma. Wujuding kalepatan leksikal inggih menika panganggening tetembungan basa Indonesia, panganggening wuwuhan basa Jawi tumrap tetembungan basa Indonesia, panyerating tetembungan ingkang boten baken saha tetembungan ingkang boten jumbuh kaliyan *konteksipun*. Kalepatan *sintaksis* basa Jawi ugi kapanggihaken kanthi wujud kalepatan lepating seratan *struktur frasa*.

BAB I

PURWAKA

A. DHASARING PANALITEN

Basa Jawi salah satunggal basa ingkang dipunginakaken kangge *media* wonten salebeting sesambetan ing masyarakat Jawi. Anggenipun ngginakaken basa Jawi kanthi awujud lesan saha seratan. Panganggening basa Jawi kedah nggatosaken paugeran, ananging samenika kathah tiyang ingkang boten paham paugeraning basa Jawi satemah anggenipun ngecakaken basa Jawi boten leres. Kalepatan ngginakaken basa Jawi antawisipun wonten seratan ugi wonten pangocapan.

Lepating seratan nalika ngginakaken basa Jawi kapanggihaken mawi karya seni saha karya sastra. Salah satunggaling wujud karya sastra ingkang ngemu lepating seratan inggih menika cakepan tembang dangdut Nella Kharisma. Lepating seratan menika dipuntingali saking *tataran fonologis, morfologis, leksikal* saha *sintaksis*.

Tembang Jawa ingkang dipungandrungi dening masyarakat samenika inggih menika tembang dangdut. Boten namung tiyang enem kemawon, ananging tembang dangdut menika dipunremeni dening bocah cilik ngantos dumugi tiyang ingkang sampun dewasa. Tembang dangdut menika gampil dipuntampi dening masyarakat amargi iringanipun ingkang saged kangge jejogedan. Kajawi iringanipun, cakepan tembang dangdut menika kathahipun nginakaken basa Jawi.

Salah satunggal wiraswara ingkang ngrembakaken tembang dangdut inggih menika Nella Kharisma. Tembang ingkang dipuntembangaken dening Nella Kharisma temanipun katresnan saha kagesangan *masyarakat sosial*. Tetembangan menika dipunringkes dados satunggal wonten *VCD* kanthi awujud *video*. Wonten salebeting *video* menika wonten seratan cakepanipun. Seratan cakepan menika kangge nggampilaken anggenipun tiyang ingkang ningali ugi saged nembangaken kanthi mirsani seratan cakepanipun. Seratan cakepan tembang saged dados piwulangan kangge nyinau basa Jawi lumantar tembang. Ananging kasunyatanipun, adhedasar tembang ingkang dipuntembangaken dening Nella Kharisma kathah aksara *vokal* saha aksara *konsonan* wonten cakepan ingkang kirang trep kaliyan basa ingkang miturut *EYD*. Lepating seratan basa menika saged nuwuhaken teges ingkang lepat. Pramila kedah dipunrembag kadospundi tembung ingkang lepat saged leres miturut *EYD*.

B. UNDERANING PRAKAWIS

Adhedasar dhasaring panaliten wonten ing inggil, satemah saged dipunpanggiaken underaning perkawis. Underaning perkawis badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Seratan basa Jawi tasih asring lepat.
2. Kalepatan *fonologis* wonten ing seratan cakepan tembang dangdut *VCD* Nella Kharisma,
3. Kalepatan *morfologis* wonten ing seratan cakepan tembang dangdut *VCD* Nella Kharisma,

4. Lepating *leksikal* utawi pamilihing tetembungan wonten salebeting cakepan tembang dangdut VCD Nella Kharisma,
5. Kalepatan *sintaksis* (*penyusunan kalimat cakepan tembang dangdut VCD* Nella Kharisma),
6. *Fekuensi* kalepatan panyeratan cakepan tembang dangdut VCD Nella Kharisma,
7. Bab ingkang ndayani kalepatan basa Jawi.

C. WATESANING PRAKAWIS

Wonten underaning prakawis dipunpanggihaken kathah bakuning rembag, supados panaliten menika boten langkung *fokus*, pramila prakawis ingkang dipunrembag dipunwatesi. Watesaning perkawis badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Lepating *fonologis* wonten ing seratan cakepan tembang dangdut VCD Nella Kharisma.
2. Lepating *morfologis* wonten ing seratan cakepan tembang dangdut VCD Nella Kharisma.
3. Lepating *leksikal* utawi pamilihing tetembungan wonten ing seratan cakepan tembang dangdut VCD Nella Kharisma.
4. Lepating *sintaksis* wonten ing seratan cakepan tembang dangdut VCD Nella Kharisma.

D. WOSING PRAKAWIS

Panaliten menika sampun dipuntemtokaken watesaning prakawisipun. Adhedasar watesaning perkawis, saged dipunandharaken wosing perkawisipun. Wosing perkawis badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Kadospundi jinis saha wujud kalepatan *fonologis* wonten ing seratan cakepan tembang dangdut VCD Nella Kharisma?
2. Kadospundi jinis saha wujud kalepatan *morfologis* wonten ing seratan cakepan tembang dangdut VCD Nella Kharisma?
3. Kadospundi jinis saha wujud kalepatan *leksikal* utawi pamilihing tetembungan wonten ing seratan cakepan tembang dangdut VCD Nella Kharisma?
4. Kadospundi jinis saha wujud kalepatan *sintaksis* wonten ing seratan cakepan tembang dangdut VCD Nella Kharisma?

E. ANCASING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas, kanthi adhedasar wosing perkawis panaliten, satemah saged dipuntetepaken ancasing panaliten. Ancasing perkawis badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Ngandharaken wujud kalepatan *fonologis* wonten ing seratan cakepan tembang dangdut VCD Nella Kharisma.
2. Ngandharaken wujud kalepatan *morfologis* wonten ing seratan cakepan tembang dangdut VCD Nella Kharisma.
3. Ngandharaken wujud kalepatan *leksikal* utawi pamilihing tetembungan wonten ing seratan cakepan tembang dangdut VCD Nella Kharisma.

4. Ngandharaken wujud kalepatan *sintaksis* wonten ing seratan cakepan tembang dangdut VCD Nella Kharisma.

F. PAEDAHING PANALITEN

Panaliten ingkang kataliti samangke, dipunajab saged murakabi. Paedah saking panaliten menika kaangkah minangka bahan tetandhingan saha rujukan wonten *analisis* kalepatan basa Jawi, mliginipun ragam seratan. Kajawi menika panaliten saged dados gambaran kangge pamaos saha panyerat babagan kalepatan basa Jawi satemah saged mangertosi basa Jawi ingkang trep kaliyan paugeran-paugeranipun.

Salajengipun saking panaliten menika saged dados tetimbangan pamikiran kangge para pangripta tembang saha wiraswara, anggenipun ngginakaken basa. Mliginipun babagan *lafal-lafal* ingkang kedah dipungatosaken nalika ngripta tembang saha damel seratan cakepan wonten ing VCD.

G. TEMBUNG MIRUNGGAN

Gayut kaliyan irah-irahan panaliten menika saged kaandharaken tembung-tembung ingkang mirunggan kados ing ngandhap menika:

1. *Analisis* kalepatan basa

Tembung *analisis* kalepatan basa menika saking tembung *analisis*, kalepatan saha basa. Tembung *analisis* wonten ing KBBI *online* (dipunakses ing <https://kbbi.web.id> 5 Agustus 2019) inggih menika naliti samubarang tartamtu kangge mangertosi saha manggihaken perkawis utawi unsur-unsur kanthi ancas ingkang sampun dipuntemtokaken, lajeng dipunrembag, paring pamrayogi, saha dipunpundhut dudutanipun supados saged dipunpahami saha dipunmangertosi

menapa sebab saha kadospundi dhodhok seleh perkawisipun. Kalepatan basa inggih menika panganggening basa ingkang boten jumbuh kaliyan paugeran basa, basa lisan ugi basa seratan. Dados *analisis* kalepatan basa wonten ing panaliten menika *proses* ingkang dipuntindakaken dening panaliti saha guru basa ingkang dipunwiwiti saking ngempalaken data, *mengidentifikasi* saha *menevaluasi* kalepatan-kalepatan anggenipun ngginakaken basa. Salah satunggal basa ingkang ngemu kalepatan basa inggih menika basa Jawi wonten salebeting VCD Nella Kharisma.

2. Basa Jawi

Basa dipunginakaken kangge *media* wonten salebeting sesambetan ing masyarakat. Manungsa mbetahaken basa kangge ngandharaken gagasan saha pamikiranipun piyambak dhumateng tiyang sanes (Sumarno lumantar Dian Widiyati 2012: 3). Kajawi dipunginakaken *media* wonten salebeting sesambetan, basa inggih menika salah satunggal asiling budaya ingkang kedah dipunsinau. Tuladhanipun basa Jawi, menika kedah dipunsinau amargi anggenipun ngecakaken basa tasih asring lepat. Kalepatan menika saged kapanggihaken wonten salebeting tembang, mliginipun tembang dangdut.

3. Tembang Dangdut

Tembang dangdut menika gampil dipuntampi dening masyarakat amargi cakepan tembangipun ngginakaken basa Jawi. Garapanipun tembang menika bebas, ateges boten kaiket dening guru wilangan, guru lagu saha guru gatra. Kanthi iringan *organt* saha kendhang ketipung menika saged dados titikaning tembang dangdut. Nella Kharisma inggih menika wiraswara ingkang

ngrembakakaken tembang dangdut. Tetembangan Nella Kharisma menika dipunringkes dados satunggal wonten *VCD* kanthi awujud *video*. Wonten salebeting *video* menika wonten seratan cakepanipun. Cakepan menika ngginakaken basa Jawi ingkang ngemu kalepatan basa.

BAB II

GEGERAN TEORI

A. ANDHARAN TEORI

1. *Analisis Kalepatan Basa*

a. *Pangertosan Analisis Kalepatan Basa*

Miturut KBBI *online* (dipun akses ing <https://kbbi.web.id> 5 Agustus 2019) tembung *analisis* kalepatan menika saking tembung *analisis* saha kalepatan. Tembung *analisis* inggih menika naliti babagan tartamtu kangge mangertosi saha manggihaken kadospundi dhodhok seleh perkawisipun kanthi ancas ingkang sampun dipuntemtokaken. Wondene tembung kalepatan inggih menika samubarang ingkang cacad utawi boten trep kaliyan paugeran ingkang sampun gumathok. Menawi tembung kekalih menika dipungabung pramila dados tembung *analisis* kalepatan. Kanthi mekaten *analisis* kalepatan inggih menika *proses* naliti babagan tartamtu kagem mangertosi samubarang ingkang cacad utawi boten trep kaliyan paugeran ingkang sampun gumathok.

Burt dan Kiparsky lumantar Indihadi (2012: 2) nyebataken kalepatan basa kanthi istilah ‘*goof*’, ‘*goofing*’, saha ‘*gooficon*’. Corder lumantar Indihadi (2012: 2) ngginakaken tigang istilah kangem matesi pangertosan kalepatan basa inggih menika (1) *Lapses*, (2) *Error*, (3) *Mistake*. Tigang istilah menika gadhah teges ingkang beda-beda.

Miturut Tarigan (2011: 303) kalepatan menika saking tembung ‘*error*’ ingkang gadhah sinonim tembung ‘*mistake*’ tegesipun *kekeliruan*. Tarigan ngandharaken bilih kekalih tembung menika gadhah teges ingkang sami. Kalepatan basa (*error*) inggih menika panganggening basa ingkang nerak paugeraning basa. Kalepatan menika boten dipunanggep limrah. Wondene klintu (*mistake*) inggih menika panganggening basa ingkang nerak paugeraning basa, ananging dipunanggep limrah. Ing ngandhap menika pambada antawisipun kalepatan (*error*) saha klintu (*mistake*).

Tabel 1: Pambada Antawisipun Kalepatan (*Error*) saha Klintu (*Mistake*) Panganggening Basa

No.	<i>Kategori Sudut Pandang</i>	<i>Kesalahan Berbahasa</i>	<i>Kekeliruan Berbahasa</i>
1	<i>Sumber</i>	<i>Kompetensi</i>	<i>Performasi</i>
2	<i>Sifat</i>	<i>Sistematis, berlaku secara umum</i>	<i>Acak, tidak sistematis, secara individual</i>
3	<i>Durasi</i>	<i>Permanen</i>	<i>Temporer/Sementara</i>
4	<i>Sistem linguistic</i>	<i>Sudah dikuasai</i>	<i>Belum dikuasai</i>
5	<i>Produk</i>	<i>Penyimpangan kaidah bahasa</i>	<i>Penyimpangan kaidah bahasa</i>
6	<i>Solusi</i>	<i>Dibantu oleh guru atau ahli bahasa</i>	<i>Diri sendiri, mawas diri, pemusatan perhatian</i>

Adhedhasar tabel ing inggil saged mangertosi pangertosan kalepatan basa. Kanthi tabel menika ugi saged mangertosi pambada antawisipun kalepatan (*error*) saha klintu (*mistake*) panganggening basa. Tuladha kalepatan (*error*), tembung coba anggenipun ngocapaken kedahipun [cobɔ], ananging dados lepat jalaran

anggenipun ngocapaken dados [cubo]. Wondene tuladha kesilapan (*mistake*) menika sami kaliyan tuladha kalepatan (*error*), ingkang dados pambada inggih menika asring menapa boten ingkang ngocapaken kalepatan tembungipun. Menawi kalepatan (*error*) asring lepat anggenipun ngocapaken kalepatan tembung, wondene kesilapan (*mistake*) anggenipun ngocapaken kalepatan tembung menika namung kaping sepisan.

Analisis kalepatan basa ugi saged dipuntegesi *prosedur kerja* ingkang limraha dipunginakaken kangem panaliti saha guru basa. *Prosedur kerja* menika dipunwiwiti kanthi ngempalaken *sample*. Menawi sampun cekap ingkang ngempalaken *sample* lajeng dipunandharaken kalepatan kasebut. Kanthi andharan menika saged dipuntemtokaken perangan kalepatanipun miturut sebabipun. Salajengipun prosedur ingkang pungkasan inggih menika *evaluasi* (Ellis lumantar Tarigan dan Tarigan, 1988: 68).

Analisis menika gadhah teges naliti babagan kangge magertosi menapa sebabipun saha kadospundi dhodhok seleh perkawisipun. *Analisis* dipuntindakaken amargi wonten perkawis ingkang tuwuh saking mapinten-pinten aspek. Salah satunggal perkawis ingkang ngginakaken lampahing *analisis* inggih menika naliti babagan ingkang lepat. *Analisis* kalepatan wonten ing panaliten menika basa Jawi seratan cakepan tembang wonten salebeting VCD Nella Kharisma.

Kanthi andharan menika ingkang dipunwastani *analisis* kalepatan basa inggih menika proses panaliten kagem mangertosi basa ingkang boten jumbuh kaliyan paugeraning basa kanthi sebab-sebab tartamtu. Wujuding kalepatan basa

wonten tataran linguistik saged dipunperang dados kalepatan *fonologis*, *morfologis*, *sintaksis* saha *sintaksis*. Kalepatan menika saged kadadosan amargi panutur basa menika kirang paham anggenipun ngecakaken basa utawi migunakaken basa kanthi jumbuh kaliyan tata basa.

b. Jinising kalepatan basa

Kalepatan basa utawi “*language errors*” saged dipunperang mapinten-pinten cara gumantung kadospundi pamawasipun piyambak. Saben pamawas saged ngasilaken perangan-perangan tartamtu. Miturut Chomsky lumantar Tarigan dan Tarigan (1988: 143) wonten 2 jinis kalepatan inggih menika 1) kalepatan ingkang jalaranipun saking *faktor-faktor* sayah saha kirang kawigatosanipun, menika dipunsebat *factor performasi*. 2) kalepatan ingkang jalaranipun saking kirangipun kawruh babagan paugeraning basa, menika dipunsebat *factor kompetensi*.

Richards lumantar Rusminto (2011: 22) ugi ngandharaken bilih jinising kalepatan basa menika kaperang dados 2, inggih menika (1) kalepatan panganggening basa amargi unsur basa ingkang kapisan (kalepatan *interlingual*) saha (2) kalepatan panganggening basa amargi *kompleksitas* basa (kalepatan *intralingual*).

Beda kaliyan pamanggihipun Corder lumantar Pateda (1989) ingkang ngandharaken bilih kalepatan basa menika kaperang dados 3. Ingkang kaping pisan kalepatan *prasistematis* (*prasytematic errors*), inggih menika kalepatan amargi kirang mangertosi babagan pambada basa antawisipun *sistem bahasa*

pertama saha *bahasa target*. Kaping kalih inggih menika kalepatan amargi tiyang ingkang nggegulang kawruh basa dereng mangertos paugeran panganggening basa. Wondene ingkang kaping tiga kalepatan *pascasistematis* (*pascasystematic errors*), inggih menika kalepatan amargi panganggening basa boten ajeg utawi *konsisten*.

Sanadyan jinising kalepatan basa miturut para winasis menika beda-beda. Umumipun para winasis menika sarujuk bilih kalepatan menika kaperang dados 2 jinis. Kaping sapisan inggih menika kalepatan ingkang dipuntaliti saking *bahasa pertama*. Kaping kalih kalepatan ingkang nandhani rembakaning tiyang ingkang nggegulang kawruh basa.

Wonten panaliten menika badhe naliti kalepatan ingkang dipuntaliti saking *bahasa pertama*. Jalaran panganggening basa Jawi seratan menika gadhah paugeran basa saha tata basa ingkang sampun gumathok. Menawi anggenipun nyerat menika lepat saged ndadosaken teges tembung menika beda, pramila anggenipun nyerat menika kedah leres miturut tata basa ingkang baku. Wondene jinising kalepatan ingkang kataliti inggih menika kalepatan *fonologis*, kalepatan *morfologis*, kalepatan *sintaksis*, kalepatan *leksikal*. Sakawan jinis menika kalebet tataran linguistik.

Miturut Tarigan dan Tarigan (1988: 196) bilih kalepatan basa menika ugi saged kadadosan wonten sedaya tataran linguistik kadosta wonten bidang ing ngandhap menika.

1. Kalepatan *fonologis* ingkang gayut kaliyan pangocapan saha panyeratan swaraning basa.
2. Kalepatan *morfologis* ingkang gayut kaliyan wujuding tembung, kadosta *prefiks, infiks, sufiks, konfiks, simulfiks*, saha *perulangan kata*.
3. Kalepatan *sintaksis* menika gayut kaliyan frasa ingkang boten trep, pamilihaning struktur kalusa saha ukara ingkang boten trep.
4. Kalepatan *leksikal* ingkang gayut kaliyan pamilihaning tembung.

Ing ngandhap menika badhe kaandharaken kalepatan basa ingkang kadadosan saking tataran linguistik.

1) Kalepatan *Fonologis*

Tarigan dan Tarigan (1988: 196) nyebataken bilih kalepatan fonologis ingkang dipunanalisis inggih menika *pelafalan* utawi pangocapan kagem basa lisan saha ejaan kagem basa seratan. Kalepatan fonologis ingkang gayutipun kaliyan pangocapan inggih menika lepat anggenipun nyebataken tembung. Tuladhanipun kalepatan hurup *vokal*, tembung sida anggenipun ngocapaken kedahipun [sidɔ], ananging dados lepat anggenipun ngocapaken [sido]. Kalepatan hurup *konsonan*, tuladhanipun tembung nistha anggenipun ngocapaken kedahipun [nistɔ], ananging dados lepat amargi anggenipun ngocapaken [nistɔ].

Wondene ingkang kalebet kalepatan *fonologis* gayut kaliyan seratan inggih menika lepat anggenipun nyerat hurup ageng saha hurup alit, seratan tembung ingkang murwakani ukara, panganggening tandha pamaos saha misahaken wanda utawi *pemenggalan suku kata* (Pateda 1989: 50-51). Tuladha kalepatan hurup kapital tembung Sang Hyang angenipun nyerat kedahipun [Sang Hyang], ananging dados lepat amargi anggenipun nyerat [sang hyang]. Tuladha sanesipun inggih menika panganggening tandha pamaos, tembung kaya-kaya angenipun nyerat kedahipun [kɔyɔ-kɔyɔ], ananging dados lepat amargi anggenipun nyerat [kɔyɔ kɔyɔ]. Wonten panaliten menika *fokus* naliti panganggening basa Jawi seratan mliginipun panganggening ejaan tembung ingkang sinerat wonten ing VCD Nella Kharisma.

2) Kalepatan *Morfologis*

Kalepatan basa seratan saha lesan asring kadadosan saking wonten wujuding tembung utawi *tataran morfologis*. Menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Bastra (2011: 1) ingkang ngandharaken bilih kalepatan basa wonten *tataran morfologis* boten namung saking satunggal unsur. Kalepatan basa wonten *tataran morfologis* kaperang dados *afiksasi*, *reduplikasi*, saha tembung *majemuk*. Salajengipun Tarigan dan Tarigan (2011: 180) ngandharaken bilih kalepatan *morfologis* inggih menika kalepatan panganggening basa ingkang dipunsebabaken lepat anggenipun milih wuwuhan, tembung rangkep, tembung *majemuk* saha lepat anggenipun milih wujuding tembung.

Wondene pamanggihipun Setyawati (2010: 36) ngandharaken sabab kalepatan basa wonten *tataran morfologis* boten namung satunggal sabab.

Perangan kalepatan basa wonten *tataran morfologis* inggih menika sirnaning wuwuhan, swanten ingkang kedahipun luluh ananging boten luluh, *morf* ingkang dipunliru, cekakan *morf mem-, men-, meng-, meny-, saha menge-*, panganggening wuwuhan ingkang boten jumbuh kaliyan paugeran basa, anggenipun nemtokaken tembung lingga boten trep, panganggening wuwuhan boten trep kaliyan tembung dwi lingga saha tembung *majemuk* ingkang boten trep.

3) Kalepatan *leksikal* utawi pamilihing tembung

Keraf (2001: 24) ngandharaken bilih pamilihing tembung menika boten namung babagan netepaken panganggening tembung kemawon, ananging ugi babagan menapa tembung ingkang dipunpilih menika saged dipuntampi utawi boten dening masyarakat. Pamilihing tembung boten namung babagan trep menapa boten, ananging ugi babagan sanesipun kadosta swasana saha ragam basa. Pamilihing tembung ingkang leres saged ndadosaken pamicara ngandharaken panggalih saha raos pangraos jumbuh kaliyan maksudipun.

Salajengipun Keraf (2001: 88) ugi ngandharaken bilih sarat pamilihing tembung ingkang trep inggih menika: (1) mbedakaken kanthi taliti *denotasi* saking *konotasi*, (2) mbedakaken tembung-tembung ingkang gadhah sinonim, (3) mbedakaken tembung-tembung ingkang persis wonten ejaanipun, (4) boten ngginakaken tembung-tembung ingkang damel piyambak, (5) waspada anggenipun ngginakaken panambang ingkang boten trep, (6) tembung kerja ingkang ngginakaken tembung pangajeng, dipunginakaken kanthi idiomatis, (7) kangge pamilihing tembung ingkang trep, panyerat ugi pamicara kedah mbedakaken tembung ingkang umum saha tembung ingkang mligi, (8)

ngginakaken tembung-tembung indria ingkang nedahaken tembung ingkang umum saha tembung ingkang mligi, (9) nggatosaken pambada teges ingkang kadadosan wonten tembung-tembung ingkang sampun dipuntepang, (10), nggatosaken pamilihaning tembung. Boten namung faktor ketepatan, diksi ingkang sae ugi dipuntemtokaken bab pamilihiing tembung ingkang jumbuh.

Kanthi andharan ing inggil, basa Jawi gadhah undha usuk. Panganggening undha usuk basa Jawi kedah dipungatosaken kanthi pamilihiing tembung ingkang trep. Jalaran pamilihiing tembung menika dados pambada tegesing tembung, supados anggen ngandharaken panggalih saha swasana raos pangraos trep kaliyan maksudipun. Kanthi mekaten, wonten panaliten menika naliti babagan pamilihiing diksi seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma. Anggenipun naliti kanthi analisis saha njumbuhaken tetembungan kaliyan Baoesastra Djawa, supados saged mangertosi bedaning tembung.

4) Kalepatan *Sintaksis*

Sintaksis inggih menika perangan ngelmu basa ingkang ngandharaken babagan ukara, klausa saha frase. Ukara inggih menika satuan basa ingkang saged madheg piyambak, kanthi pola intonasi akhir saha peranganing klausa (Nurhayati saha Siti Mulyani, 2006: 112-149). Manaf (2009: 11) ngandharaken bedaning ukara lesan saha seratan. Basa lesan, ukara inggih menika satuan basa ingkang gadhah ciri kados mekaten: (1) satuan basa ingkang wujudipun saking tembung kaliyan tembung, tembung kaliyan frasa, utawi gabungan frasa kaliyan frasa, ngemu klausa bebas inggih menika jejjer saha wasesa, (2) satuan basa kanthi intonasi pawarta, pitakenan, prentah saha pangalembana. Wondene wonten ing

basa seratan, ukara dipunwiwiti kanthi hurup ageng (*capital*), tandha pamaos koma (,), titik koma (;), titik kalih (:), tandha titik (.), tandha pitaken (?) utawi tandha prentah (!).

Tegesing *klausa* inggih menika rerangkening tembung ingkang ngandhut satunggal wujud linguistik kanthi perangan subjek saha predikat. Manaf (2009: 13) ngandharaken pambedaning *klausa* saha ukara. Beda antawisipun *klausa* saha ukara inggih menika *intonasi* pungkasaning ukara. *Intonasi* pungkasaning ukara inggih menika *intonasi* pawarta, pitakenan, prentah saha pangalembana. Widjono (2007: 143) mbedakaken *klausa* dados tigang *klausa*, inggih menika *klausa* ukara *majemuk setara*, *klausa* ukara *majemuk bertingkat*, saha gabungan kekalihipun.

Wondene *frase* inggih menika satuan *gramatik* ingkang kaperang dados kalih tembung utawi langkung ingkang boten langkung saking watesing *fungsi unsur klausa*. Widjono (2007: 140) mbedakaken *frasa* adhedhasar *kelas* tembungipun, inggih menika *frasa verbal*, *frasa adjektiva*, *frasa pronominal*, *frasa adverbial*, *frasa numeralia*, *frasa interogativa koordinatif*, *frasa demonstrative koordinatif* saha *frasa preposisional koordinatif*.

Adhedhasar andharan ing inggil wonten ing panaliten menika, titikaning kalepatan *sintaksis* inggih menika (1) kalepatan jangkeping unsur ukara ingkang dipuntemtokaken jangkep menapa botenipun unsur wosing ukara saha kaluwihan unsur, (2) kalepatan anggenipun nyusun unsur-unsur ukara, dipuntemtokaken kalepatan urutan fungsi saha kalepatan urutan tembung.

B. PANALITEN INKGANG JUMBUH

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika inggih panaliten ingkang katindakaken dening Karlina kanthi irah-irahan “*Analisis Kesalahan Fonologi dan Morfologi Bahasa Jawa Dalam VCD Didi Kempot*”. Panaliten menika sami-sami naliti babagan *analisis* kalepatan basa Jawi wonten salebeting cakepan tembang. Wondene pambedanipun kaliyan panaliten ingkang badhe katindakaken inggih menika obyekipun saha asil pirembagan ingkang dipuntemokaken. Wondene asiling panaliten menika ngandharaken bilih wonten kalepatan *fonologis* saha *morfologis* basa Jawi wonten salebeting VCD Didi Kempot. Kalepatan basa Jawi bidang *fonologis* inggih menika kalepatan *vokal* /a/ dipunserat /o/, *vokal* /i/ dipunserat /e/, *vokal* /e/ dipunserat /i/, *vokal* /u/ dipunserat /o/, *vokal* /o/ dipunserat /u/, *konsonan* /ɖ/ dipunserat /d/, *konsonan* /d/ dipunserat /dh/, *konsonan* /t/ dipunserat /t/, *konsonan* /t/ dipunserat /th/, *konsonan* /b/ dipunserat /p/, *konsonan* /g/ dipunserat /k/, *pengurangan konsonan* /w/, *penambahan konsonan* /m/, *penambahan konsonan* /k/, *penambahan konsonan* /h/, *pengurangan konsonan* /n/, *pengurangan konsonan* /y/ saha *penambahan konsonan* /n/. Kalepatan basa Jawi wonten cakepan tembang Didi Kempot *bidang morfologis* inggih menika kalepatan ater-ater (*prefiksasi*), panambang (*sufiksasi*), ater-ater saha panambang (*konfiksasi*).

Panalitenipun Prastiwi Raharja kanthi irah-irahan “*Analisis Kesalahan berbahasa Jawa pada Pidato Siswa Kelas VIII SMP Negeri 2 Turi, Sleman Yogyakarta*” ngandharaken bilih jinising kalepatan basa Jawi menika kaperang dados bidang *fonologis*, *morfologis*, panganggening diksi, saha *sintaksis* wonten


salebeting pidato siswa kelas VIII SMP Negeri 2 Turi, Sleman Yogyakarta. Wondene asiling panaliten adhedhasar kalepatan basa Jawi inggih menika (1) kalepatan *fonologis* (30,28%), (2) kalepatan *morfologis* (17,13%), (3) kalepatan panganggening diksi (41,03%), (4) kalepatan *sintaksis* (11,55%). Panaliten menika katindakaken kanthi *deskriptif*. Wondene *subjek* panalitenipun inggih menika siswa SMP N 2 Turi. Pambedaning panaliten ingkang badhe dipuntindakaken inggih menika *objek* ingkang dipuntaliti.

C. NALARING PIKIR

Basa Jawi salah satunggal basa ingkang dipunginakaken kangge *media* wonten salebeting sesambetan ing masyarakat Jawi. Anggenipun ngginakaken basa Jawi kanthi awujud lesan saha seratan. Panganggening basa Jawi kedah nggatosaken paugeran, ananging samenika kathah tiyang ingkang boten paham paugeran panganggening basa Jawi. Satemah anggenipun ngecakaken basa Jawi boten leres.

Kalepatan ngginakaken basa Jawi antawisipun wonten seratan ugi wonten pangocapan. Lepating seratan nalika ngginakaken basa Jawi kapanggihaken mawi karya seni saha karya sastra. Salah satunggaling wujud karya sastra ingkang ngemu leparing seratan inggih menika cakepan tembang dangdut Nella Kharisma. Kanthi tembang dangdut menika tiyang lajeng nyemak *video* saha maos seratan cakepan wonten salebeting *VCD* Nella Kharisma. Seratan cakepan wonten *video* menika ngemu kalepatan utawi boten jumbuh kaliyan tata basa ingkang baku. Wondene kalepatan menika saged nuwuhaken teges ingkang beda. Pramila

panaliten menika badhe naliti babagan kalepatan basa Jawi seratan cakepan tetembangan wonten salebeting VCD Nella Kharisma.



BAB III

CARA PANALITEN

A. JINISING PANALITEN

Jinising panaliten inggih menika *deskriptif*. Panaliten *deskriptif* inggih menika lampahing panaliten ingkang ngandharaken, nyerat, saha *analisis* sadaya kaanan utawi kadadosan kagem ngempalaken data kanthi menapa wontenipun. Jinis panaliten menika boten ngginakaken *hipotesa*, panaliten menika namung ngandharaken data menapa wontenipun kanthi *variable-variabel* ingkang dipuntaliti (Mardalis, 2003; 26).

Saking andharan ing inggil, pramila panaliti ngempalaken data kanthi menapa wontenipun. Panaliten menika ngandharaken babagan kalepatan basa Jawi ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma wonten salebeting VCD. Kalepatan basa ingkang dipuntaliti inggih menika kalepatan *fonologis*, kalepatan *morfologis*, kalepatan *leksikal* saha kalepatan *sintaksis*.

B. DATA SAHA SUMBER DATA

Data wonten ing panaliten menika tembung saha ukara ingkang ngemu kalepatan. Tembung saha ukara ingkang ngemu kalepatan menika kapanggihaken wonten basa Jawi ing seratan cakepan tetembangan. Tetembangan menika dipunringkes wonten salebeting VCD Nella Kharisma.

Sumber data wonten ing panaliten inggih menika seratan cakepan VCD tetembangan Nella Kharisma. Cakepan ingkang dipuntaliti inggih menika cakepan

ingkang ngginakaken basa Jawi. Tetembangan menika dados sumber data jalaran panaliti badhe naliti babagan ngelmu basa wonten ing tetembangan menika. Pramila panaliti nindakaken panaliten kanthi langsung seratan cakepan VCD tetembangan Nella Kharisma. VCD ingkang kataliti wonten 2 album The Best Nella Kharisma, wosipun inggih menika kempalan tetembangan ingkang ngginakaken basa Jawi. Satunggal album ngemu 12 tembang, dados manawi 2 album wonten cacah 24 tembang. Ananging boten sedaya tembang dipuntaliti jalaran wonten tembang tartamtu ingkang ngginakaken basa Indonesia. Tembang ingkang ngginakaken basa Indonesia wonten 4 tembang, dados tembang ingkang kataliti ing panaliten menika wonten cacah 19 tembang. Studio ingkang ndamel video saha cakepan tetembangan inggih menika Lagista Perdana Record. Tetembangan menika dipuntaliti amargi kathah ngginakaken basa Jawi seratan ingkang ngemu kalepatan.

C. CARA NGEMPALAKEN DATA

Cara anggenipun ngempalaken data inggih menika kanthi metode nyemak saha nyerat. Cara menika dipunlampahi kanthi nyemak seratan cakepan wonten salebeting tetembang dangdut VCD Nella Kharisma. Anggenipun nyemak menika kedah teliti, supados data saged data dipuntetepaken jinis saha wujud kalepatan basa. Sasampunipun data dipuntetepaken lajeng dipunperang miturut wujud saha jinising kalepatan basa. Cara anggenipun merang menika jumbuh kaliyan teori kalepatan basa *tataran fonologis, morfologis, leksikal saha sintaksis*. Kajawi menika kalepatan basa ingkang kapanggihaken dipunjumbuhaken kaliyan bausastra Djawa anggitanipun W.J.S Poerwadarminto. Jalaran supados saged

mangertosi bedaning teges saben tembung menika jumbuh menapa boten kaliyan maksudipun.

Data ingkang dipunpikantuk menika sampun cekap menawi: (1) panaliti boten manggihaken wujud kalepatan basa wonten salebeting VCD Nella Kharisma, (2) panaliti boten manggihaken variasi wujud kalepatan basa wonten VCD Nella Kharisma.

D. PIRANTINING PANALITEN

Pirantining panaliten inggih menika sarana ingkang dipunginakaken kagem merang data miturut jinis saha wujud kalepatan basa. Anggenipun merang data mawi kartu data. Kartu data dipunginakaken kangge nyerat saha netepaken kalepatan basa Jawi wonten ing panaliten menika. Kajawi menika kartu data ugi dipunginakaken supados gampang anggenipun analisis data. Ing ngandhap menika tuladha kartu data ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika.

Tuladha Kartu Data.

No. 19	
Konteks	: Memuji ingsun kanti suwito linuhung
	• Kanti • Suwito
Jinising kalepatan	: kalepatan fonologi (vokal saha konsonan)
Wujuding kalepatan	: /th/ dipunserat t saha /a/ dipunserat o.

Kanthi kartu data menika saged kapanggihaken kalepatan basa jawi. Data nomer 19 konteksipun memuji ingsun kanti suwito linuhung. Saking konteks

menika kapanggihaken kalepatan basa Jawi wonten tembung kanti saha suwito. Kalepatan menika kalebet jinis kalepatan basa Jawi fonologi inggih menika lepat anggenipun nyerat hurup vokal saha konsonan. Wondene wujuding kalepatan inggih menika /th/ dipunserat t saha /a/ dipunserat o.

E. CARA ANALISIS DATA

Cara *analisis* data inggih menika cara ingkang dipunginakaken kangge *ngolah* data supados pikantuk dudutanipun. Cara ingkang dipunginakaken inggih menika *analisis deskriptif*. Cara *analisis deskriptif* inggih menika ngandharaken asiling panaliten kanthi gamblang. Wondene lampahing analisis data inggih menika :

1. Nyemak *video*, lajeng nyerat cakepan tetembang wonten salebeting *VCD* Nella Kharisma.
2. Nandhani saha netepaken kalepatan basa ingkang dipunpanggihaken wonten cakepan tembang *VCD* Nella Kharisma.
3. Data dipunperang miturut jinis saha wujud kalepatan basa kanthi njumbuhaken kaliyan Baoesastra Djawa karya W.J.S Poerwadarminta.
4. Ngandharaken kalepatan basa Jawi ing seratan cakepan tembang adhedhasar kalepatan basa *tataran fonologis, morfologis, leksikal* saha *sintaksis*.

Analisis data menika dipuntindakaken nalika ngempalaken data. *Analisis* ugi dipuntindakaken sabibaripun ngempalaken data. *Analisis* dipuntindakaken kanthi *ngolah* data jumbuh kaliyan wosing panaliten. Data ingkang dipunkempalaken lajeng dipunperang miturut jinis saha wujud kalepatan basa ing

tataran *fonologis*, *morfologis*, *leksikal* saha *sintaksis*. Sasampunipun dipunperang miturut jinis saha wujud kalepatan basa lajeng dipunandharaken.

Tabel 2: **Tabel Format Analisis**

No.	Cakepan	Jinising Kalepatan				Indikator
		Fonologi	Morfologi	Leksikal	Sintaksis	
1	2	3	4	5	6	7
1	<u>Rumekso</u> ingsun laku <u>nisto</u> <u>ngoyoworo</u>	√				Rumekso → Rumeksa 'njaga; ngrekso' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						nisto → nistha 'asor; ora luhur' → Kalepatan fonologis a dipunserat o saha th dipunserat t.
						ngoyoworo → ngayawara 'tanpa ana nyatane' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
2	Kalawan mekak <u>howo</u> , <u>howo</u> kang <u>durangkara</u>	√		√		howo → hawa 'kareping ati' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						durangkara → dur angkara → Kalepatan leksikal.
3	Senajan setan <u>gentayangan</u> tansah gawe <u>rubedo</u> hinggo pupusing jaman	√		√		gentayangan → Kalepatan leksikal ngginakaken tembung basa Indonesia.
						rubedo → rubeda 'alangan' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
4	Hamatag ingsun nyirep geni <u>wiso</u> <u>murko</u>	√				wiso → wisa 'kang jalari ora becik' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						murko → murka 'nesu; muring' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
5	Meper hardaning <u>ponco</u> saben ulesing <u>netro</u>	√				ponco → panca 'lima' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						netro → netra 'mata; mripat' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.

F. VALIDITAS SAHA RELIABILITAS DATA

Kagem ngasilaken data ingkang *valid* saha *reliable*. *Validitas* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika kanthi cara *triangulasi teori*. Cara

triangulasi teori inggih menika cara naliti data kanthi ngginakaken teori kangem naliti data saha dados bahan tetandhingan tumrap data ingkang kapanggihaken. Asiling panaliten menika awujud *rumusan informasi*. Supados *analisis* data panaliten boten adhedhasar pamikiraning *individual*, pramila *informasi* kasebut dipuntandhingaken kanthi *perspektif* teori ingkang jumbuh kaliyan data ingkang kapanggihaken. Ing panaliten menika *teori* ingkang dipunginakaken kangem *triangulasi data* inggih menika *teori fonologi, morfologi, leksikal* saha *sintaksis*.

Wonten panaliten menika *reliabilitas* data ingkang dipunginakaken inggih menika *reliabilitas* stabilitas. *Reliabilitas* stabilitas dipuntindakaken kanthi cara panaliti kedah taliti anggenipun nyemak. Taliti ingkang dipunmaksud inggih menika kagem manggihaken titikan saha *unsur* ingkang jumbuh kaliyan perkawis ingkang dipunpadosi. Taliti anggenipun nyemak menika katindakaken kanthi taliti saha rinci. Kajian menika dipuntindakaken kanthi dipunambali, supados data ingkang dipunpanggihaken menika jumbuh.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. ASILING PANALITEN

Adhedhasar asiling panaliten pikantuk andharan kalepatan basa Jawi ing seratan cakepan tetembangan VCD Nella Kharisma wonten tataran *fonologis*, *morfologis*, *leksikal* saha *sintaksis*. Ing ngandhap menika tabel kalepatan saben tataran.

Tabel 3: **Jinis saha Wujud Kalepatan Basa Jawi Ing Seratan Cakepan Tetembangan VCD Nella Kharisma**

No	Tataran Linguistik	Jinis saha Wujud Kalepatan Basa	Data Reflektif
1	2	3	4
1	Fonologis	a. Panyerating vokal	
		1) /ɔ/ dipunserat o	<u>Rumekso</u> ingsun laku nisto ngoyoworo (D.1) • Tembung <u>Rumekso</u> kedahipun dipunserat Rumeksa → /ɔ/ dipunserat o.
		/ɔ/ dipunserat e	Banyu tibo <u>seko</u> langit dadi seksi setyoku mung kanggo kowe (D. 121) • Tembung <u>seko</u> kedahipun dipunserat saka → /ɔ/ dipunserat o.
		2) /u/ dipunserat o	Opo eling riko jaman semono isone nangis <u>njalok</u> dipacari sarto kaleksanan riko sun dampingi mungkur sedhot isun pancal (D.152) • Tembung <u>Njalok</u> kedahipun dipunserat Njaluk → /u/ dipunserat o.

Tabel salajengipun.

1	2	3	4
		3) /o/ dipunserat u	Kowe lungo pas aku sayang sayange tanpo pamit kowe ngadoh <u>ngunu</u> wae (D.131) • Tembung <u>ngunu</u> kedahipun dipunserat ngono → /o/ dipunserat u.
		4) /i/ dipunserat e	<u>Uwes</u> cukup lehku gawe kowe nangis, <u>uwes</u> cukup lehku gawe kowe tetangis (D.75) • Tembung <u>uwes</u> kedahipun dipunserat uwis → /i/ dipunserat e.
		5) /e/ dipunserat i	Isun mung ndedungo njaluk marang gusti mugo <u>mbisuke</u> nemu balese (D.156) • Tembung <u>mbisuke</u> kedahipun dipunserat mbesuke → /e/ dipunserat i.
		b. Panyerating konsonan	
		1) /d/ dipunserat d	Pepuntoning laku tumuju <u>dateng</u> Gusti dzat kang amurbo dumadi (D.8) • Tembung <u>dateng</u> kedahipun dipunserat dhateng → /d/ dipunserat d.
		2) /t/ dipunserat t	Rumekso ingkun laku <u>nisto</u> ngoyoworo (D.1) • Tembung <u>nisto</u> kedahipun dipunserat nistha → /t/ dipunserat t.
		3) /b/ dipunserat p	Yo sing paran paran mulo <u>nasipe</u> nyoba setia malah ditinggal (D.155) • Tembung <u>nasip</u> kedahipun dipunserat nasib → /b/ dipunserat p.
		4) /y/ dipunserat i	Janji <u>setio</u> saiki mung dadi cerito mergo kowe malah milih wong liyo (D.55) • Tembung <u>setio</u> kedahipun dipunserat setya → /y/ dipunserat i.
		5) /g/ dipunserat k	Ben cukup mung aku korban janji manismu udan <u>bledek</u> kang dadi saksiku (D.134) • Tembung <u>bledek</u> kedahipun dipunserat bledheg → /g/ dipunserat k.

Tabel salajengipun.

1	2	3	4
		c. Panyerating tembung ingkang dipunwuwuhi aksara Konsonan	
		1) /z/	Pepuntoning laku tumuju dateng Gusti <u>dzat</u> kang amurbo dumadi (D.8) • Tembung dzat kedahipun dipunserat dat → + /z/.
		d. Panyerating tembung ingkang dipunkirangi aksara Konsonanipun	
		1) /g/	Ora <u>nyonko</u> kowe milih uwong liyo padahal aku selalu ono ratau gawe kowe loro (D.53) • Tembung <u>nyonko</u> kedahipun dipunserat nyangka → - /g/.
		2) /w/	Bubur kacang ijo campur ketan ireng ajur njobo njero mikir <u>koe</u> dadi cumleng (D.66) • Tembung <u>koe</u> kedahipun dipunserat → - /w/.
		3) /y/	Timbang gelo mung <u>disio-sio</u> (D.28) • Tembung <u>disio-sio</u> kedahipun dipunserat disiya-siya → - /y/.
		4) /k/	Mugo mugo kabeh <u>dikei</u> dalam supoyo dadi padang anggane awak dewe lek gendakan (D.97) • Tembung <u>dikei</u> kedahipun dipunserat dikeki → - /k/.
		5) /h/	Tresno ra semayan mung <u>kakean</u> alesan (D.123) Tembung <u>kakean</u> kedahipun dipunserat kakehan → - /h/.
		e. Panyerating Aksara Kapital	
		1) Nama Tiyang	Ginulah niat ingsun hangidung sabdo kang luhur titahing <u>sang hyang agung</u> (D.20) • Nama <u>sang hyang agung</u> kedahipun dipunserat Sang Hyang Agung.

Tabel salajengipun.

1	2	3	4
		f. Panyerating Tandha Pamaos.	
		1) (-)	Abot tak trimo kanti iklas legowo sing tak arep kowe ra <u>disio sio</u> (D.133) • Tembung <u>disio sio</u> kedahipun dipunserat disiya-siya.
2	<i>Morfologis</i>	a. Ater-ater	
		1) di-	Ora bakal ilang tresnoku <u>di nggo</u> kowe (D.45) • Tembung <u>di nggo</u> kedahipun dipunserat <u>dinggo</u> utawi <u>dianggo</u> .
		2) tak-	Sayang aku iklas trimo dadi seng ke loro nadyan abot roso seng <u>tak songgo</u> (D.91) • Tembung <u>tak songgo</u> kedahipun dipunserat <u>taksangga</u> .
		3) tok-	Ra nyonko koe tego janjimu <u>tok blenjani</u> (D.68) • Tembung <u>tok blenjani</u> kedahipun dipunserat <u>tokblenjani</u> .
		mbok-	<u>Mbok gawe</u> uripku iki soyo berantakan semua omonganmu kui gombal mukiyo (D.105) • Tembung <u>mbok gawe</u> kedahipun dipunserat <u>mbokgawe</u> .
		4) ke-	Nandur kembang malah thukule brambang gawe mripat iki nangis ati tansah <u>ke ires-ires</u> (D.52) • Tembung <u>ke ires ires</u> kedahipun dipunserat <u>keiris-iris</u> .
		5) sa-	Dikira pacaran jebule kekancan <u>sak bendino</u> tangane gandengan (D.179) • Tembung <u>sak bendino</u> kedahipun dipunserat <u>saben dina</u> .
		b. Panambang	
		1) -ake	Roso ati ra tenang <u>mikir ke</u> selingkuhan tansah tak awang-awang mabur koyo layangan. • Tembung <u>mikir ke</u> kedahipun dipunserat <u>mikirake</u> .

Tabel salajengipun.

1	2	3	4
		2) -a	<u>Mugiyo</u> den sedyo pusoko kalimosodo yekti dadi mustiko (D.14) • Tembung <u>mugiyo</u> kedahipun dipunserat mugia.
		3) -na	Cobo <u>rungokno</u> nyanyian iki (D.40) • Tembung <u>rungokno</u> kedahipun dipunserat rungokna.
		4) -ana	Yen pancen ngene balesanmu aku mung iso pasrah tak <u>tangisono</u> kuwi wes dadi karepmu (D.54) • Tembung <u>tangisono</u> kedahipun dipunserat tangisana.
		c. Wuwuhan sesarengan	
		1) N-/ake	<u>Nyeritak ake</u> tresno seng kependem ono ing dodo (D.41) • Tembung <u>nyeritak ake</u> kedahipun dipunserat Nyeritakake.
		2) N-/na	Ngenes tenan nek dirasakno awan bengi kerjo <u>nggolekno</u> sopo (D.78) • Tembung <u>nggolekno</u> kedahipun dipunserat Nggolekna.
		3) di-/ake	Pancen iki dudu jodohne rasah <u>di peksakke</u> (D.33) • Tembung <u>di peksakke</u> kedahipun dipunserat dipeksakake.
		4) di-/na	Ngenes tenan nek <u>dirasakno</u> awan bengi kerjo <u>nggolekno</u> sopo (D.78) • Tembung <u>dirasakno</u> kedahipun dipunserat dirasakna.
		5) tok-/i	Bodohku iki gampang <u>tok apusi</u> mbendino kowe janji wes mesti tok ingkari (D.108) • Tembung <u>tok apusi</u> kedahipun dipunserat tokapusi.
		6) tak-/ake	Senajan kowe wes karo liyane nanging tresnoku ro kowe ora iso <u>tak lalekke</u> (D.44) • Tembung <u>tak lalekke</u> kedahipun dipunserat taklalekake.

Tabel salajengipun.

1	2	3	4
		7) tak-/i	Mergo kowe seng paleng <u>tak tresnani</u> (D.47) • Tembung <u>tak tresnani</u> kedahipun dipunserat taktresnani.
		8) sa-/e	Aku tresno ro kowe tresno seng <u>saktenane</u> kabeh wes tak kekke ro kowe atine (D.85) • Tembung <u>saktenane</u> kedahipun dipunserat satenane.
		9) Ke-/an	Niate <u>koncoan</u> dadi kasmaran (D.159) • Tembung <u>koncoan</u> kedahipun dipunserat Kekancan.
3	<i>Leksikal</i>	a. Panganggening tetembungan Basa Indonesia	<u>Mungkin</u> kowe udu <u>jodohku tapi aku sayang padamu</u> jujur soko jero atiku (D.90) • Tembung <u>mungkin, jodohku, tapi, aku sayang padamu</u> kedahipun dipunserat mawi basa Jawi.
		b. Panganggening wuwuhan Basa Jawi tumrap tetembungan Basa Indonesia	Bedo ra nemu dalane karo kowe aku ra ono <u>bahagiane</u> (D.27) • Tembung <u>bahagiane</u> kedahipun dipunserat seneng utawi bungah.
		c. Tembung ingkang boten baken	Aku wes ngerti passwordmu wes biso mbuka <u>hapemu</u> yen macem macem mengko tak jower (D.141) • Tembung <u>Hape</u> cekakan saking handphone kedahipun dipunserat HP.
		d. Tembung ingkang boten jumbuh kaliyan <i>konteksipun</i>	Apalagi aku crito <u>marang</u> sliramu aku nganti sambat karo kanca kancaku (D.181) • Tembung <u>marang</u> boten jumbuh kaliyan <i>konteksipun</i> , kedahipun dipungantos babagan.
4	<i>Sintaksis</i>	a. Kalepatan <i>struktur frasa</i>	Atiku ora gampang nompo <u>iki kahanan</u> (D.70) • Tembung <u>iki kahanan</u> kedahipun dipunserat kahanan iki.

Saking tabel ing inggil saged kaperang kalepatan basa Jawi ing seratan cakepan tetembangan VCD Nella Kharisma dados sakawan *tataran linguistik*, inggih menika *fonologis*, *morfologis*, *leksikal* saha *sintaksis*. Saking sakawan *tataran* menika kaperang dados jinis saha wujud kalepatan basa. Kalepatan basa saben *tataran linguistik* badhe kaandharaken saking *tataran fonologis*, *morfologis*, kalajengaken *tataran leksikal* saha *sintaksis*.

Wonten *tataran fonologis* kaperang dados jinis saha wujud kalepatan basa. Jinising kalepatan basa wonten *tataran fonologis* inggih menika (1) kalepatan panyerating *vokal*, (2) kalepatan panyerating *konsonan*, (3) Panyerating tembung ingkang dipunwuwuhi aksara *konsonan*, (4) Panyerating tembung ingkang dipunkirangi aksara *konsonanipun*, (5) panyerating aksara *kapital* saha (6) panyerating tandha pamaos. Wujud kalepatan panyerating *vokal* inggih menika /ɔ/ dipunserat o, /ɔ/ dipunserat e, /o/ dipunserat u, /u/ dipunserat o, /i/ dipunserat e, /e/ dipunserat i. Wondene wujud kalepatan panyerating *konsonan* inggih menika /d/ dipunserat d, /t/ dipunserat t, /b/ dipunserat p, /y/ dipunserat i, /g/ dipunserat k. Wujud panyerating tembung ingkang dipunwuwuhi aksara *konsonan* inggih menika /z/. Wondene panyerating tembung ingkang dipunkirangi aksara *konsonanipun* inggih menika /g/, /w/, /y/, /k/, /h/. Wonten *tataran fonologis* ugi kapanggihaken kalepatan panyerating aksara *kapital* saha kalepatan panyerating tandha pamaos (-).

Kalepatan wonten *tataran morfologis* inggih menika (1) kalepatan panyerating ater-ater (*prefiks*), (2) kalepatan panyerating panambang (*sufiks*), (3) kalepatan panyerating ater-ater saha panambang (*konfiks*). Wujud kalepatan

panyerating ater-ater (*prefiks*) di-, tak-, tok-, mbok-, ke-, sa-. Wujud kalepatan panyerating panambang (*sufiks*) -ake, -a, -na, -ana. Wondene wujud kalepatan panyerating ater-ater saha panambang (*konfiks*) inggih menika N-/ake, N-/na, di-/ake, di-/na, tok-/i, tak-/ake, tak-/i, sa-/e, ke-/an.

Saking tabel menika ugi katingal bilih jinising kalepatan *leksikal* inggih menika (1) panganggening tetembungan basa Indonesia, (2) panganggening wuwuhan basa Jawi tumrap tembung basa Indonesia, (3) tembung ingkang boten baken saha (4) tembung ingkang boten jumbuh kaliyan konteksipun. Kalepatan wonten *tataran sintaksis* inggih menika (1) kalepatan panyerating *struktur frasa*.

B. PIREMBAGAN

Adhedhasar asiling panaliten kapanggihaken kalepatan basa ing seratan cakepan tetembungan VCD Nella Kharisma. Kalepatan basa dipunanalisis kanthi sakawan *tataran linguistik*, inggih menika *fonologis*, *morfologis*, *leksikal* saha *sintaksis*. Saking sakawan tataran menika kapanggihaken jinis saha wujud kalepatan basa. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken kalepatan basa. Wondene andharanipun kawiwitan saking *tataran fonologis*, *morfologis*, kalajengaken *tataran leksikal* saha ingkang pungkasan *tataran sintaksis*.

1. Kalepatan *Fonologis*

Lepating basa Jawi wonten *tataran fonologis* kaandharaken gayut kaliyan jinis saha wujud kalepatan basa. Jinising kalepatan basa wonten tataran *fonologis* inggih menika (a) kalepatan panyerating *vokal*, (b) kalepatan panyerating *konsonan*, (c) panyerating tembung ingkang dipunwuwuhi aksara *konsonan*, (d) panyerating tembung ingkang dipunkirangi aksara *konsonan*ipun, (e) panyerating

aksara *kapital*, saha (f) kalepatan panyerating tandha pamaos. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken wujud saha jinis kalepatan basa Jawi ing seratan tetembangan Nella Kharisma. Wondene andharanipun kawiwitan saking kalepatan panyerating aksara *vokal* ngantos dumugi ingkang pungkasan inggih menika lepating seratan tandha pamaos.

a. Kalepatan Panyerating Vokal

Adhedhasar asiling panaliten kapanggihaken jinis kalepatan panyerating aksara *vokal*. Jinis kalepatan panyerating vokal menika kaperang dados mapinten-pinten wujud kalepatan basa. Wondene wujudipun inggih menika /ɔ/ dipunserat o, /ɔ/ dipunserat e, /o/ dipunserat u, /u/ dipunserat o, /i/ dipunserat e, /e/ dipunserat i. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken wujud kalepatan basa Jawi seratan *vokal* ing cakepan tetembangan Nella Kharisma. Andharan badhe kawiwitan saking *vokal* /ɔ/ dipunserat o ngantos dumugi pungkasan inggih menika /e/ dipunserat i.

1) Vokal /ɔ/ dipunserat o saha /ɔ/ dipunserat e

Kalepatan basa Jawi ing seratan cakepan tetembangan VCD Nella Kharisma inggih menika lepating seratan aksara *vokal* /ɔ/ dipunserat o. Kalepatan menika kapanggihaken wonten tembung-tembung ingkang ngemu aksara *vokal* /ɔ/. Kalepatan badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

(a) Rumekso ingsun laku nisto ngoyoworo (D. 1)

Tembung rumekso ing pethikan nginggil kalebet tembung ingkang lepat. Tembung rumekso wonten (D. 1) menika ngemu *fonem* /ɔ/ kanthi *alofon* [ɔ] ingkang swantenipun sami kaliyan *fonem* /o/ kanthi *alofon* [ɔ]. Wonten basa

seratan *fonem vokal* /ɔ/ dipunserat kanthi aksara /a/. Pramila panyerating *fonem vokal* ingkang leres kangge tembung rumekso wonten (D. 1) inggih menika rumeksa [rumeksɔ] ‘njaga; ngrekso’. Tembung rumekso wonten basa Jawi boten gadhah teges. Ing ngandhap menika kapanggihaken data ingkang ngemu kalepatan ingkang sami.

(b) Aku isih tresno kowe nganti tekan esuk kapan sliramu tetep neng atiku (D. 130)

Wonten (D. 130) tembung tresno menika ngemu *fonem* /ɔ/ kanthi *alofon* [ɔ] ingkang swantenipun sami kaliyan *fonem* /o/ kanthi *alofon* [ɔ]. Pramila panyerating tembung tresno ingkang leres inggih menika tresna [tresnɔ] tegesipun inggih menika asih. Menawi tembung tresno wonten basa Jawi boten gadhah teges.

Kalepatan panyerating *vokal* /ɔ/ dipunserat e ugi kapanggihaken ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma. Kalepatan badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

(c) Banyu tibo seko langit dadi seksi setyoku mung kanggo kowe (D. 121)

Lepating seratan tembung seko wonten (D. 121) menika lepat. Jalaran tembung seko menika ngemu *fonem* /ɔ/ kanthi *alofon* [ɔ]. Panyerating tembung seko ingkang leres inggih menika saka [sɔkɔ] tegesipun inggih menika nerangake asale. Menawi tembung seko wonten basa Jawi boten gadhah teges.

2) *Vokal /u/ dipunserat o*

Kalepatan panyerating basa Jawi *vokal /u/* dipunserat o wonten ing seratan cakepan *VCD* tetembangan Nella Kharisma inggih menika tembung-tembung ingkang ngemu aksara *vokal /u/*. Kalepatan menika katinggal wonten data ing ngandhap menika.

- (a) Opo eling riko jaman semono isone nangis njalok dipacari sarto kaleksanan riko sun dampingi mungkur sedot isun pancal (D. 157)

Tembung njalok (D. 157) wonten pethikan ing inggil kalebet tembung ingkang lepat. Tembung njalok menika ngemu *fonem /U/* ingkang dipunserat o amargi *fonem /u/* wonten tembung menika gadhah *alofon [U]* ingkang swantenipun sami kaliyan *fonem* kanthi *alofon [ɔ]*. Ing basa seratan *fonem vokal [U]* dipunserat kanthi aksara */u/*. Payerating tembung njalok ingkang leres inggih menika jaluk [jalU?] ingkang tegesipun nyuwun (tmr. asor marang luhur). Wondene tembung jalok wonten basa Jawi menika boten gadhah teges.

3) *Vokal /o/ dipunserat u*

Kalepatan basa Jawi ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma inggih menika kalepatan panyerating *vokal /o/* dipunserat u. Kalepatan panyerating *vokal /o/* badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- (a) Tanpo kowe uripku rasane sepi, tanpo kowe dunyo ra ono arti (D. 179)

Tembung dunyo (D. 179) kalepatan tembung ingkang lepat. Tembung dunyo lepat jalaran ngemu *fonem /o/* *alofon*ipun [ɔ] ingkang swantenipun sami kaliyan *fonem /u/* ingkang gadhah *alofon [U]*. Panyerating tembung dunyo

ingkang leres inggih menika donya [ndoño] ‘jagad’. Ing ngandhap menika kapanggihaken data ingkang ngemu kalepatan ingkang sami.

- (b) Jujur njero batin iki isih duweni rasa tresno nanging tak cubo lilo pasrah marang sing kuoso (D. 189)

Tembung cubo (D. 189) menika ugi lepat, amargi *fonem* /o/ alofonipun [ɔ] ingkang swantenipun sami kaliyan *fonem* /u/ ingkang gadhah alofon [U]. Ing basa seratan *fonem vokal* [U] dipunserat kanthi aksara /u/. Panyerating tembung cubo ingkang leres inggih menika coba [coba]. Wondene tembung cubo wonten basa jawi menika boten gadhah teges.

4) *Vokal* /i/ dipunserat e

Kalepatan basa Jawi ing seratan cakepan tetembangan VCD Nella Kharisma inggih menika kalepatan panyerating aksara *vokal* /i/ dipunserat e. Kalepatan panyerating aksara *vokal* /i/ badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- (a) Uwes cukup lehku gawe kowe nangis, uwes cukup lehku gawe kowe tetanggis (D. 79)

Tembung uwes (D. 79) ing data nginggil kalebet tembung ingkang lepat. Tembung uwes menika lepat amargi *fonem* /i/ alofonipun [I] ingkang swantenipun sami kaliyan *fonem* /e/ ingkang gadhah alofon [e]. Panyerating tembung uwes ingkang leres inggih menika uwis [uwIs] ‘rampung anggone tumindak’. Ing ngandhap menika kapanggihaken data ingkang ngemu kalepatan ingkang sami.

- (b) Seng gelem karo aku ayo jaken neng penghulu noto urep bareng bareng karo aku (D. 88)

Tembung urep (D. 88) ugi lepat amargi *fonem* /i/ alofonipun [I] ingkang swantenipun sami kaliyan *fonem* /e/ ingkang gadhah alofon [e]. Panyerating tembung urep ingkang leres inggih menika urip [urIp] tegesipun ‘kadunungan kaanan bisa mobah-mosik’. Wondene tembung urep wonten basa Jawi menika boten gadhah teges.

5) *Vokal* /e/ dipunserat i

Kalepatan basa Jawi ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma inggih menika kalepatan panyerating aksara *vokal* /e/ dipunserat i. Kalepatan panyerating menika kapanggihaken wonten tembung-tembung ingkang ngemu aksara /e/. Kalepatan menika badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

(a) Isun mung ndedungo njaluk marang gusti mugo mbisuke nemu balese (D. 161)

Saking data ing inggil tembung mbisuke wonten (D. 161) menika ngemu *fonem* /e/ kanthi alofon [e] ingkang swantenipun sami kaliyan *fonem* /i/ kanthi alofon [I]. Panyerating tembung mbisuke ingkang leres inggih menika mbesuke ‘benjing; ing tembe mburi’. Tembung mbisuke wonten basa Jawi boten gadhah teges.

b. Kalepatan Panyerating Aksara *Konsonan*

Adhedhasar asiling panaliten kapanggihaken wujud kalepatan panyerating aksara *konsonan*. Wondene wujud kalepatan panyerating *konsonan* inggih menika /d/ dipunserat d, /t/ dipunserat t, /b/ dipunserat p, /y/ dipunserat i, /g/ dipunserat k. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken wujud kalepatan basa Jawi seratan

konsonan ing cakepan tetembangan Nella Kharisma. Andharan badhe kawiwitan saking aksara *konsonan* /d/ dipunserat d.

1) *Konsonan* /d/ dipunserat d

Kalepatan basa Jawi ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma inggih menika kalepatan panyerating aksara *konsonan* /d/ dipunserat d. Kalepatan panyerating menika kapanggihaken wonten tembung-tembung ingkang ngemu aksara /d/. Kalepatan menika badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

(a) Pepuntoning laku tumuju dateng Gusti dzat kang amurbo dumadi (D. 8)

Tembung dateng menika lepat, jalaran tembung dateng wonten (D. 8) menika ngemu *fonem* /d/ ingkang dipunserat d. Kekalih *fonem* menika katingalipun *fonem* ingkang sami, ananging wonten basa Jawi kekalih *fonem* menika beda. Panyerating tembung dateng ingkang leres inggih menika dhateng [dʌtɛŋ] tegesipun marang. Wondene tembung dateng wonten basa Jawi menika boten wonten saha gadhah teges. Ing ngandhap menika kapanggihaken data ingkang ngemu kalepatan ingkang sami.

(b) ben cukup mung aku korban janji manismu udan bledek kang dadi saksiku (D. 139)

Lepating seratan aksara *konsonan* /d/ dipunserat d ugi katingal tembung bledek wonten (D. 139). Tembung bledek menika ngemu *fonem* /d/ ingkang dipunserat d. Panyerating tembung bledek ingkang leres inggih menika bledhek [bledɛg] tegesipun gebyaring geni sarta swara kedadean saka elektris ing mendhung. Menawi tembung bledek wonten basa Jawi boten gadhah teges.

2) *Konsonan /t/ dipunserat t*

Kalepatan basa Jawi ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma inggih menika kalepatan panyerating aksara *konsonan /t/* dipunserat t. Kalepatan menika badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

(a) Rumekso ingsun laku nisto ngoyoworo (D. 1)

Tembung nisto wonten (D. 1) menika kalebet tembung ingkang lepat, jalaran tembung nisto ngemu *fonem /t/* ingkang dipunserat t. Kekalih *fonem* menika katingalipun *fonem* ingkang sami, ananging wonten basa Jawi kekalih *fonem* menika beda. Panyerating tembung nisto ingkang leres inggih menika nistha [nɪstʰə] tegesipun asor utawi ora luhur. Wondene tembung nisto wonten basa Jawi menika boten wonten saha gadhah teges. Ing ngandhap menika kapanggihaken data ingkang ngemu kalepatan ingkang sami.

(b) kudu piye aku mesti piye (D. 43)

Tembung mesti wonten (D. 43) kalebet tembung ingkang lepat, jalaran tembung mesti ngemu *fonem /t/* ingkang dipunserat t. Panyerating tembung mesti ingkang leres inggih menika mesthi [mestʰi] tegesipun netepake ing sadurunge. Menawi tembung mesti wonten basa Jawi boten gadhah teges.

3) *Konsonan /b/ dipunserat p*

Kalepatan basa Jawi ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma inggih menika kalepatan panyerating aksara *konsonan /b/* dipunserat p. Kalepatan menika badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

(a) Yo sing paran paran mulo nasipe nyoba setia malah ditinggal (D. 160)

Tembung nasip (D. 160) ing data nginggil kalebet tembung ingkang lepat. Tembung nasip ngemu *fonem* /b/ ingkang dipunserat p. Kekalih *fonem* menika katingalipun *fonem* ingkang sami, ananging wonten basa Jawi kekalih *fonem* menika beda. Panyerating tembung nasip ingkang leres inggih menika nasib [nasɪb] tegesipun pepesthening lelakon. Wondene tembung nasip wonten basa Jawi menika boten wonten saha gadhah teges.

4) *Konsonan* /y/ dipunserat i

Kalepatan panyerating aksara *konsonan* /y/ dipunserat i. Kalepatan menika badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

(a) Janji setio saiki mung dadi cerito mergo kowe malah milih wong liyo (D. 58)

Tembung setio wonten (D. 58) kalebet tembung ingkang lepat jalaran, tembung setio ngemu *fonem* /y/ ingkang dipunserat i. Kekalih *fonem* menika katingalipun *fonem* ingkang sami, ananging wonten basa Jawi kekalih *fonem* menika beda. Panyerating tembung setio ingkang leres inggih menika setya [sêtyɔ] tegesipun tansah mantep ing pasuwitane. Wondene tembung setio wonten basa Jawi menika boten wonten saha gadhah teges.

5) *Konsonan* /g/ dipunserat k

Kalepatan panyerating aksara *konsonan* /g/ dipunserat k. Kalepatan menika badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

(a) ben cukup mung aku korban janji manismu udan bledek kang dadi saksiku (D. 139)

Pethikan ing inggil tembung bledek (D. 139) kalebet tembung ingkang lepat, jalaran tembung bledek ngemu *fonem* /g/ ingkang dipunserat k. Kekalih

fonem menika katingalipun *fonem* ingkang sami, ananging wonten basa Jawi kekalih *fonem* menika beda. Panyerating tembung bledek ingkang leres inggih menika bledheg [blêdèg] tegesipun gebyaring geni sarta swara kedadean saka elektris ing mendhung. Menawi tembung bledek wonten basa Jawi boten gadhah teges.

c. Panyerating tembung ingkang dipunwuwuhi aksara *konsonan*

Adhedhasar asiling panaliten kapanggihaken wujud kalepatan panyerating tembung ingkang dipunwuwuhi aksara *konsonan*. Wondene wujud kalepatanipun inggih menika tembung ingkang dipunwuwuhi aksara *konsonan* /z/. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken wujud kalepatan basa Jawi tembung ingkang dipunwuwuhi aksara *konsonan* /z/ ing cakepan tetembangan Nella Kharisma.

1) *Konsonan* /z/

Panyerating tembung ingkang dipunwuwuhi aksara *konsonan* wonten ing cakepan tetembangan Nella Kharisma kapanggihaken wonten tembung ing ngandhap menika.

(a) pepuntoning laku tumuju dateng Gusti dzat kang amurbo dumadi (D. 8)

Tembung dzat menika kalebet tembung ingkang lepat, jalaran tembung dzat kadadosan saking dayaning pangucapan tembung. Basa lesan tembung dat menika dipunucapaken dzat. Wondene wonten basa seratan, panyerating tembung dzat ingkang leres inggih menika dat, tegesipun kang mengku sipat (kaanan).

d. Panyerating tembung ingkang dipunkirangi aksara *konsonanipun*

Adhedhasar asiling panaliten kapanggihaken wujud kalepatan panyerating tembung ingkang dipunkirangi aksara *konsonanipun*. Wondene wujud

kalepatanipun inggih menika /g/, /w/, /y/, /k/. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken wujud kalepatan basa Jawi tembung ingkang dipunkirangi aksara *konsonan*ipun ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma

1) *Konsonan /g/*

Panyerating tembung ingkang dipunkirangi aksara *konsonan /g/* ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma kapanggihaken wonten tembung ing ngandhap menika.

(a) ra nyonko koe tego janjimu tok blenjani (D. 72)

Tembung nyonko (D. 72) kalebet tembung ingkang lepat, jalaran tembung nyonko menika kadadosan saking dayaning pangucapan. Wonten basa lesan tembung nyangka dipunucapaken nyonko. Wondene wonten basa seratan, panyerating tembung nyonko dipunserat mawi aksara /g/, inggih menika nyangka. Pramila tembung nyonko ingkang leres inggih menika nyangka.

2) *Konsonan /w/*

Panyerating tembung ingkang dipunkirangi aksara *konsonan /w/* ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma kapanggihaken wonten tembung ing ngandhap menika.

(a) ajur njobo njero mikir koe dadi cumleng (D. 70)

Tembung koe (D. 70) kalebet tembung ingkang lepat, jalaran tembung koe menika kadadosan saking dayaning pangucapan tembung. Wonten basa lesan tembung kowe dipunucapaken koe. Wondene wonten basa seratan, panyerating tembung koe dipunserat mawi aksara /w/, inggih menika kowe. Pramila tembung

koe ingkang leres inggih menika kowe. Ing ngandhap menika kapanggihaken data ingkang ngemu kalepatan ingkang sami.

- (b) kowe kudu ngerti rasane gelo ati iki rasane luih loro ketimbang tertusuk duri (D. 203)

Sami kaliyan tembung kowe, tembung luih (D. 203) ugi kalebet tembung ingkang lepat. Jalaran jalaran tembung luih menika kadadosan saking dayaning pangucapan tembung. Wonten basa lesan tembung luwih dipunucapaken luih. Wondene wonten basa seratan, panyerating tembung luih menika dipunserat mawi aksara /w/, inggih menika luwih. Pramila tembung luih ingkang leres inggih menika luwih.

3) *Konsonan /y/*

Panyerating tembung ingkang dipunkirangi aksara *konsonan /y/* ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma kapanggihaken wonten tembung ing ngandhap menika.

- (a) timbang gelo mung disio-sio (D. 29)

Tembung disio-sio (D. 29) kalebet tembung ingkang lepat, jalaran tembung disio-sio menika kadadosan saking dayaning pangucapan tembung. Wonten basa lesan tembung disiya-siya dipunucapaken disio-sio. Wondene wonten basa seratan tembung disio-sio menika dipunserat mawi aksara /y/, inggih menika disiya-siya. Pramila tembung disio-sio ingkang leres inggih menika disiya-siya.

4) *Konsonan /k/*

Panyerating tembung ingkang dipunkirangi aksara *konsonan /k/* ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma kapanggihaken wonten tembung ing ngandhap menika.

- (a) mugo mugo kabeh dikei dalam supoyo dadi padang anggone awak dewe lek gendakan (D. 101)

Tembung dikei (D. 101) kalebet tembung ingkang lepat, jalaran tembung dikei menika kadadosan saking dayaning pangucapan tembung. Wonten basa lesan tembung dikeki dipunucapaken dikei. Wondene wonten basa seratan, miturut Baoesastra Djawa tembung dikei menika dipunserat mawi aksara */k/* inggih menika dikeki. Pramila panyerating tembung dikei ingkang leres inggih menika dikeki.

5) *Konsonan /h/*

Panyerating tembung ingkang dipunkirangi aksara *konsonan /h/* ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma kapanggihaken wonten tembung ing ngandhap menika.

- (a) tresno ra semayan mung kakean alesan (D. 123)

Tembung kakean (D. 123) kalebet tembung ingkang lepat, jalaran tembung kakean menika kadadosan saking dayaning pangucapan tembung. Ing basa lesan tembung kakehan dipunucapaken kakean. Wondene wonten basa seratan tembung kakean menika dipunserat mawi aksara */h/*, inggih menika kakehan. Miturut Baoesastra Djawa tembung kakean menika saking tembung lingga akeh saha

pikantuk wuwuhan sesarengan ka-/-an. Pramila panyerating tembung kakean ingkang leres inggih menika kakehan.

e. Panyerating Aksara Kapital

Lepating seratan aksara *kapital* ugi kapanggihaken winten ing seratan cakepan tetembangan VCD Nella Kharisma. Kalepatan panyerating aksara kapital badhe kaandharaken wonten ing ngandhap.

(a) Ginulah niat ingsun hangidung sabdo kang luhur titahing sang hyang agung (D. 21)

Tembung sang hyang agung (D. 21) wonten konteks Ginulah niat ingsun hangidung sabdo kang luhur titahing sang hyang agung, inggih menika tembung ingkang lepat. Tembung sang hyang agung menika kedahipun dipunserat mawi aksara kapital. Jalaran tembung sang hyang agung menika dasanamanipun Gusti kanthi teges Gusti ingkang Maha Agung. Panyerating nama menika kedahipun mawi aksara kapital, pramila panyerating tembung sang hyang agung ingkang leres inggih menika Sang Hyang Agung.

f. Panyerating Tandha Pamaos

Lepating seratan tandha pamaos ugi kapanggihaken wonten ing seratan cakepan tetembangan VCD Nella Kharisma. Kalepatan panyerating tandha pamaos badhe kaandharaken wonten ing ngandhap.

(a) kowe ratau ngerteni roso iki kepati pati (D. 37)

Tembung kepati pati (D. 37) inggih menika tembung ingkang lepat, jalaran tembung menika boten ngginakaken tandha pamaos tembung rangkep (-). Payerating tembung kepati pati miturut *fonemis* ingkang leres inggih menika

kepati-pati [kepati-pati]. Ing ngandhap menika kapanggihaken data ingkang ngemu kalepatan ingkang sami.

(b) mugo mugo kabeh dikei dalam supoyo dadi padang anggone awak dewe lek gendakan (D. 101)

Tembung mugo mugo (D. 101) tembung ingkang lepat, jalaran tembung menika boten ngginakaken tandha pamaos tembung rangkep (-). Payerating tembung mugo mugo miturut *fonemis* ingkang leres inggih menika muga-muga [mugᵛ-mugᵛ].

(c) kowe kok ngguya ngguyu dewe ora nyambut gawe malah sibuk karo hape (D. 147)

Tembung ngguya ngguyu (D. 147) ugi kalebet tembung ingkang lepat, jalaran tembung menika boten ngginakaken tandha pamaos tembung rangkep (-). Payerating tembung ngguya ngguyu miturut *fonemis* ingkang leres inggih menika ngguya-ngguyu [ŋguya-ŋguyu].

2. Kalepatan *Morfologis*

Ing perangan menika karembag babagan kalepatan basa Jawi ing seratan wonten *tataran morfologi*. Kalepatan wonten *tataran morfologis* inggih menika panganggening wuwuhan. Wondene wuwuhanipun inggih menika ater-ater, seselan, panambang, saha wuwuhan sesarengan.

a. Panyerating Ater-ater

Adhedhasar asiling panaliten kapanggihaken wujud kalepatan panyerating wuwuhan ater-ater (*prefiksasi*) ing seratan cakepan tetembangan VCD Nella

Kharisma. Wondene wujuding kalepatan panyerating ater-ater badhe kaandharaken ing ngandhap.

1) Ater-ater di-

Kalepatan panyerating wuwuhan ater-ater di- saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap.

(a) ora bakal ilang tresnoku di nggo kowe (D. 46)

Tembung di nggo (D. 46) kalebet tembung ingkang lepat. Tembung di nggo asalipun saking tembung {di-}+anggo. Miturut Mulyana (2015: 33) *prefiksasi* inggih menika *proses* ngraketaken ater-ater wonten ing wiwitaning tembung lingga. Pramila tembung di nggo kanthi ater-ater di- kedahipun dipunraketaken kaliyan tembung lingga anggo, ananging wonten pethikan ing inggil panyerating ater-ater saha tembung lingga dipunpisah. Dados panyerating tembung di nggo ingkang leres inggih menika dinggo ‘dipigunakake’.

2) Ater-ater tak-

Kalepatan panyerating wuwuhan ater-ater tak- saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap.

(a) Wes tak tutup atiku di nggo liyane (D. 46)

Tembung tak tutup (D. 78) kalebet tembung ingkang lepat. Tembung tak tutup asalipun saking wuwuhan {tak-}+tutup. Miturut Verhaar (1976: 19) netepaken bilih *afiks* utawi wuwuhan menika kalebet *morfem terikat*. Ateges panyerating ater-ater dipungandheng kaliyan tembung lingga, tuladhanipun tembung tak+pangan dipunserat dados takpangan.

Pramila panyerating tembung tak tutup kanthi ater-ater tak- kedahipun dipungandheng kaliyan tembung lingga tutup, ananging wonten pethikan ing inggil panyerating ater-ater saha tembung lingga dipunpisah. Dados panyerating tembung tak tutup ingkang leres inggih menika taktutup '*saya tutup*. Ing ngandhap menika kapanggihaken data ingkang ngemu kalepatan ingkang sami.

(b) hapemu tak cekel kowe sewot karo bojo dewe yo hape kober dipassword (D. 149)

Tembung tak cekel (D. 149) kalebet tembung ingkang lepat. Panyerating ater-ater tak- kedahipun dipungandheng kaliyan tembung lingga cekel, ananging wonten data ing inggil panyerating ater-ater saha tembung lingganipun dipunpisah. Pramila panyerating tembung tak cekel ingkang leres inggih menika takcekel '*saya pegang*'.

3) Ater-ater kok- saha mbok-

Kalepatan panyerating wuwuhan ater-ater kok- saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap.

(a) tresno tenanan malah tok nggo dolanan (D. 73)

Tembung tok nggo (D. 73) asalipun saking tembung {tok-}+anggo. Tembung menika lepat jalaran panyerating wuwuhan saha tembung lingga kedahipun dipungandheng. Miturut Wedhawati (2010) ater-ater kok kalebet *verba pasif*. Ateges panggawean ingkang dipuntindakaken dening *orang kedua*, piyambak (tunggal) utawi sesarengan (*jamak*). Tuladhanipun tembung tokpangan ({tok-}+pangan), kokgunting ({kok-}+gunting), mboksapu ({mbok-}+sapu).

Pramila panyerating tembung tok nggo ingkang leres inggih menika toknggo '*kamu pakai*'.

Ater-ater tok gadhah variasi ater-ater kok saha mbok. Ing panaliten menika ugi kapanggihaken kalepatan panyerating wuwuhan ater-ater mbok- ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma. Kalepatan saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap.

(b) mbok pikir aku ra ngerti padahal selalu tak awasi (D. 150)

Tembung mbok pikir (D. 150) kalebet tembung ingkang lepat. Panyerating tembung mbok pikir kanthi wuwuhan ater-ater mbok- kedahipun dipungandheng kaliyan tembung lingga pikir, ananging wonten pethikan ing inggil panyerating ater-ater saha tembung lingga dipunpisah. Pramila panyerating mbok pikir ingkang leres inggih menika mbokpikir '*kamu pikir*'.

4) Ater-ater ke-

Kalepatan panyerating ater-ater ke- kapanggihaken wonten ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma. Wondene kalepatan menika badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

(a) gawe mripat iki nangis ati tansah ke ires-ires (D. 55)

Tembung ke ires-ires (D.55) menika lepat jalaran panyerating tembung ke ires-ires kanthi wuwuhan ater-ater ke- saha tembung lingga iris+R kedahipun dipungandheng, ananging wonten pethikan ing inggil panyerating ater-ater saha tembung lingga dipunpisah. Miturut Wedhawati (2010) ater-ater ke- kalebet verba *pasif intransitive*. Ater-ater ke- menika boten wonten gayutipun kaliyan tiyang ingkang nindakaken panggawean, ananging nedahaken bilih kadadosan ingkang

dipuntindakaken kanthi boten sengaja. Wujuding tembung lingga kanthin ater-ater ke- arupi *nomina*, *verba*, utawi *morfem pangkal*. Tuladhanipun tembung kepacul ({ke-}+pacul) saha tembung kegawa ({ke-}+gawa). Pramila panyerating tembung **ke ires ires** ingkang leres inggih menika keiris-iris.

5) Ater-ater sa-

Kalepatan panyerating ater-ater sa- kapanggihaken ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma. Kalepatan panyerating ater-ater sa- badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

(a) dikira pacaran jebule kekancan sak bendino tangane gandengan (D. 184)

Miturut Baoesastra Djawa tembung sak bendino (D. 184) menika lepat. Jalaran tembung menika dipunserat dados kalih tembung inggih menika saben dina. Pramila panyerating tembung sak bendino ingkang leres inggih menika saben dina.

b. Panyerating Panambang

Adhedhasar asiling panaliten kapanggihaken wujud kalepatan panyerating panambang (*sufiksasi*) ing seratan cakepan tetembangan VCD Nella Kharisma. Miturut Wiwin, dkk (2004: 11) *sufiksasi* utawi panambang inggih menika *proses* ngraketaken panambang wonten sawingkingipun tembung lingga. Wondene wujuding kalepatan panyerating ater-ater badhe kaandharaken ing ngandhap.

1) Panambang –(a)ke

Kalepatan panyerating wuwuhan panambang –ake saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap.

- (a) roso ati ra tenang mikir ke selingkuhan tansah tak awang-awang mabur koyo layangan (D. 91)

Tembung mikir ke (D. 91) asalipun saking tembung mikir+{-ake}. Tembung mikir ke menika lepat jalaran panyerating tembung mikir ke kanthi tembung lingga mikir saha panambang {-ake} kedahipun dipungandheng, ananging wonten pethikan ing inggil panyerating tembung lingga saha panambang dipunpisah. Pramila panyerating tembung mikir ke ingkang leres inggih menika mikirake.

2) Panambang –a

Kalepatan panyerating panambang –a kapanggihaken ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma. Wondene kalepatan menika saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap.

- (a) mugiyo den sedyo pusoko kalimosodo yekti dadi mustiko (D. 14)

Tembung mugiyo (D. 14) asalipun saking tembung mugi+{-a}. Tembung mugiyo menika lepat jalaran wonten ing basa Jawi boten wonten wuwuhan {-o}, {-ono} saha {-ono}. Miturut Sudaryanto (1992: 20) *sufiksasi* inggih menika *proses* ngraketaken panambang wonten ing pungkasaning tembung lingga. Jinising panambang basa Jawi inggih menika –i, –ake, –a, –en, –ana, –an, saha –e. Wonten ing Paramasastra Djawa (2007: 5) nyebataken bilih paanambang –a menawi dipunsambungaken kaliyan tembung ingkang wandaipun wekasan menga dipunserat tanpa sandhangan swara –a boten owah, tuladhanipun tembung padha+{-a} dipunserat padhaa. Kanthi mekaten panyerating tembung mugiyo ingkang leres inggih menika mugia ‘*semoga*’.

3) Panambang –na

Kalepatan panyerating panambang –na ugi kapanggihaken ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma. Wondene kalepatan menika saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap.

(a) cobo rungokno nyanyian iki (D. 41)

Tembung rungokno (D. 41) asalipun saking tembung *rungu+{-na}*. Tembung rungokno menika lepat jalaran wonten ing basa Jawi boten wonten wuwuhan {-o}, {-ono} saha {-ono}. Pramila panyerating tembung rungokno ingkang leres inggih menika *rungokna* ‘*dengarkan*’.

4) Panambang –ana

Lepating seratan panambang -ana ugi kapanggihaken wonten ing seratan cakepan VCD Nella Kharisma. Wondene kalepatan menika saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap.

(a) yen pancen ngene balesanmu aku mung iso pasrah tak tangisono kuwi wes dadi karepmu (D. 57)

Tembung tangisono (D. 57) asalipun saking tembung *tangis+{-ana}*. Tembung tangisono menika lepat jalaran wonten ing basa Jawi boten wonten wuwuhan {-o}, {-ono} saha {-ono}. Pramila panyerating tembung tangisono ingkang leres inggih menika *tangisana*.

c. Panyerating Wuwuhan Sesarengan

Adhedhasar asiling panaliten kapanggihaken wujud kalepatan panyerating wuwuhan sesarengan ing seratan cakepan tetembangan VCD Nella Kharisma. Miturut Wiwin, dkk (2004: 11) *konfiks* inggih menika proses ngraketaken paling

sekedhik 2 wuwuhan ing tembung lingga, limrahipun sangajeng saha sawngkingipun tembung lingga. Wondene wujuding kalepatan panyerating wuwuhan ater-ater saha panambang badhe kaandharaken ing ngandhap.

1) N-/-ake

Kalepatan panyerating wuwuhan n-/-ake kapanggihaken ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma. Wondene kalepatan menika saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap.

(a) Nyeritak ake tresno seng kependem ono ing dodo (D. 42)

Tembung Nyeritak ake (D. 42) asalipun saking {N-}+cerita+{-ake}. Tembung menika lepat, jalaran panyerating antawisipun tembung lingga kaliyan wuwuhan kedahipun dipungandheng. Menawi namung salah satunggal wuwuhan ingkang dipungandheng saged ngrusak *struktur* saha tegesipun. *Morfem-morfem* tembung kasebut boten saged madeg piyambak. Nyerita saha ceritake, kekalih tembung menika boten *lazim* saha boten *gramatikal*. Dados Nyeritak ake ingkang leres inggih menika nyeritakake. Ing ngandhap menika kapanggihaken data ingkang ngemu kalepatan ingkang sami.

(b) sabar sauntoro sayang aku yo wes berjuang ndadek ake mimpi tenanan (D. 96)

Tembung ndadek ake (D. 96) asalipun saking {n-}+dadi+{-ake}. Tembung menika lepat, jalaran panyerating antawisipun tembung lingga kaliyan wuwuhan kedahipun dipungandheng. Menawi namung salah satunggal wuwuhan ingkang dipungandheng saged ngrusak *struktur* saha tegesipun. *Morfem-morfem* tembung kasebut boten saged madeg piyambak. Ndadek saha dadekake, kekalih

tembung menika boten *lazim* saha boten *gramatikal*. Dados tembung ndadek ake ingkang leres inggih menika ndadekake.

2) N-/-na

Kalepatan panyerating wuwuhan n-/-na kapanggihaken ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma. Wondene kalepatan menika saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap.

(a) ngenes tenan nek dirasakno awan bengi kerjo nggolekno sopo (D. 82)

Tembung nggolekno (D. 82) asalipun saking tembung {n-}+golek+{-na}. Tembung nggolekno menika lepat jalaran wonten ing basa Jawi boten wonten wuwuhan {-o}, {-ono} saha {-ono}. Pramila panyerating tembung nggolekno ingkang leres inggih menika nggolekna.

3) Di-/-ake

Kalepatan panyerating wuwuhan di-/-ake kapanggihaken ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma. Wondene kalepatan menika saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap.

(a) pancen iki dudu jodohne rasah di peksakke (D. 34)

Tembung di peksakke (D. 34) asalipun saking {di-}+peksa+{-ake}. Tembung menika lepat, jalaran panyerating antawisipun tembung lingga kaliyan wuwuhan kedahipun dipungandheng. Dados tembung di peksakke ingkang leres inggih menika dipeksakake.

4) Di-/-na

Kalepatan panyerating wuwuhan di-/-na kapanggihaken ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma. Wondene kalepatan menika saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap.

(a) ngenes tenan nek dirasakno awan bengi kerjo nggolekno sopo (D. 82)

Tembung dirasakno (D. 82) asalipun saking tembung {di-}+rasa+{-na}. Tembung dirasakno menika lepat jalaran wonten ing basa Jawi boten wonten wuwuhan {-o}, {-ono} saha {-ono}. Pramila panyerating tembung dirasakno ingkang leres inggih menika dirasakna.

5) Tok-/-i

Kalepatan panyerating wuwuhan tok-/-i kapanggihaken ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma. Wondene kalepatan menika saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap.

(a) bodohku iki gampang tok apusi mbendino kowe janji wes mesti tok ingkari (D. 112)

Tembung tok apusi (D. 112) asalipun saking tembung {tok-}+apus+{-i}. Tembung menika lepat, jalaran panyerating antawisipun tembung lingga kaliyan wuwuhan kedahipun dipungandheng. Menawi namung salah satunggal wuwuhan ingkang dipungandheng saged ngrusak *struktur* saha tegesipun. *Morfem-morfem* tembung kasebut boten saged madeg piyambak. Tokapus saha apusi, kekalih tembung menika boten *lazim* saha boten *gramatikal*. Dados tembung tok apusi ingkang leres inggih menika tokapusi.

Tembung tok ingkari (D. 112) asalipun saking {tok-}+ingkar+{-i}. Tembung menika lepat, jalaran panyerating antawisipun tembung lingga kaliyan wuwuhan kedahipun dipungandheng. Menawi namung salah satunggal wuwuhan ingkang dipungandheng saged ngrusak *struktur* saha tegesipun. *Morfem-morfem* tembung kasebut boten saged madeg piyambak. Tokingkar saha ingkari, kekalih tembung menika boten *lazim* saha boten *gramatikal*. Dados tembung tok ingkari ingkang leres inggih menika tokingkari.

6) Tak-/ake

Kalepatan panyerating wuwuhan tak-/ake kapanggihaken ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma. Wondene kalepatan menika saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap.

- (a) senajan kowe wes karo liyane nanging tresnoku ro kowe ora iso tak lalekke (D. 45)

Tembung tak lalekke (D. 45) asalipun saking {tak-}+lali+{-ake}. Tembung menika lepat, jalaran panyerating antawisipun tembung lingga kaliyan wuwuhan kedahipun dipungandheng. Menawi namung salah satunggal wuwuhan ingkang dipungandheng saged ngrusak *struktur* saha tegesipun. *Morfem-morfem* tembung kasebut boten saged madeg piyambak. Taklali saha lalekake, kekalih tembung menika boten *lazim* saha boten *gramatikal*. Dados tembung tak lalekke ingkang leres inggih menika taklalekake.

- (b) janjimu neng aku wes tak rasakke wae kui kabeh mergo kowe (D. 129)

Tembung tak rasakke (D. 129) asalipun saking {tak-}+rasa+{-ake}. Tembung menika lepat, jalaran panyerating antawisipun tembung lingga kaliyan

wuwuhan kedahipun dipungandheng. Menawi namung salah satunggal wuwuhan ingkang dipungandheng saged ngrusak *struktur* saha tegesipun. *Morfem-morfem* tembung kasebut boten saged madeg piyambak. Takrasa saha rasakake, kekalih tembung menika boten *lazim* saha boten *gramatikal*. Dados tembung tak rasakake ingkang leres inggih menika takrasakake.

7) Tak-/i

Kalepatan panyerating wuwuhan tak-/i kapanggihaken ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma. Wondene kalepatan saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap.

(a) mergo kowe seng paleng tak tresnani (D. 48)

Tembung tak tresnani (D. 48) asalipun saking {tak-}+tresna+{-i}. Tembung menika lepat, jalaran panyerating antawisipun tembung lingga kaliyan wuwuhan kedahipun dipungandheng. *Morfem-morfem* tembung kasebut boten saged madeg piyambak. Menawi namung salah satunggal wuwuhan ingkang dipungandheng saged ngrusak *struktur* saha tegesipun. Taktresna saha tresnani, kekalih tembung menika boten *lazim* saha boten *gramatikal*. Dados tembung tak tresnani ingkang leres inggih menika taktresnani. Ing ngandhap menika kapanggihaken data ingkang ngemu kalepatan ingkang sami.

(b) Yen pancen kowe tresno aku tak enteni ndang ono janur melengkung (D. 116)

Tembung tak enteni (D. 116) asalipun saking {tak-}+enten+{-i}. Tembung menika lepat, jalaran panyerating antawisipun tembung lingga kaliyan wuwuhan kedahipun dipungandheng. *Morfem-morfem* tembung kasebut boten saged madeg piyambak. Menawi namung salah satunggal wuwuhan ingkang dipungandheng

saged ngrusak *struktur* saha tegesipun. Takenten saha enteni, kekalih tembung menika boten *lazim* saha boten *gramatikal*. Dados tembung tak enteni ingkang leres inggih menika takenteni.

8) Sa-/-e

Kalepatan panyerating wuwuhan sa-/-e kapanggihaken ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma. Wondene kalepatan saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap.

- a) aku tresno ro kowe tresno seng sak tenane kabeh wes tak kekke ro kowe atine (D. 89)

Tembung sak tenane (D. 89) asalipun saking tembung {sa-}+tenan+{-e}. Tembung menika lepat, jalaran panyerating antawisipun tembung lingga kaliyan wuwuhan kedahipun dipungandheng. *Morfem-morfem* tembung kasebut boten saged madeg piyambak. Menawi namung salah satunggal wuwuhan ingkang dipungandheng saged ngrusak *struktur* saha tegesipun. Saktenan, tembung menika boten *lazim* saha boten *gramatikal*. Dados tembung saktenane ingkang leres inggih menika satenane. Ing ngandhap menika kapanggihaken data ingkang ngemu kalepatan ingkang sami.

- b) aku tetap sayang kowe tekane sak lawase aku bahagia nyawang kowe (D. 103)

Tembung sak lawase (D. 103) asalipun saking {sa-}+lawas+{-e}. Tembung menika lepat, jalaran panyerating antawisipun tembung lingga kaliyan wuwuhan kedahipun dipungandheng. *Morfem-morfem* tembung kasebut boten saged madeg piyambak. Menawi namung salah satunggal wuwuhan ingkang

dipungandheng saged ngrusak *struktur* saha tegesipun. salawas saha lawase, kekalih tembung menika boten *lazim* saha boten *gramatikal*. Dados tembung sak lawase ingkang leres inggih menika salawase.

9) Ke-/-an

Lepating seratan wuwuhan ke-/-an ugi kapanggihaken wonten ing seratan cakepan VCD Nella Kharisma. Wondene kalepatan menika saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap.

(a) niate koncoan dadi kasmaran (D. 164)

Tembung koncoan (D. 164) asalipun saking tembung {ke-}+kanca+{-an}. Miturut Paramasastra Djawa menawi panambang ke-/-an tumrap wanda wekasanipun menga saha boten kadunungan sandhangan swara, minangka wanda ing sangajengipun sigeg ing aksara irung sarta kadunungan ing sandhangan taling tarung, sandhangan taling tarung menika lajeng luluh, tuladhanipun kandha+an dipunserat kandhan.

Pramila panyerating tembung koncoan ingkang leres inggih menika kekancan. Jalaran tembung {ke-}+kanca+{-an} *vokalipun* tembung kanca ingkang wingking luluh dados kekancan.

3. Kalepatan *Leksikal*

Panaliten menika ugi naliti babagan kalepatan basa Jawi ing seratan wonten *tataran leksikal*. Kalepatan basa wonten *tataran leksikal* inggih menika pamilihaning tembung ingkang trep. Wondene wujuding kalepatan *leksikal* inggih menika pamilihing tembung ingkang mbedakaken tembung, panganggening tembung basa Indonesia, panganggening wuwuhan basa Jawi tumrap basa

Indonesia, tembung ingkang boten baken saha tembung ingkang boten trep kaliyan *konteksipun*.

a. Panganggening Tembung Basa Indonesia

Kalepatan panyerating tembung basa Indonesia kapanggihaken ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma. Wondene kalepatan saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap.

- (1) mungkin kowe udu jodohku tapi aku sayang padamu jujur soko jero atiku (D. 94)

Ukara ing inggil menika ngandhut tembung-tembung ingkang lepat jalaran ngginakaken tembung basa Indonesia. Wonten pethikan ing inggil tembung mungkin, jodohku saha aku sayang padamu kedahipun ngginakaken basa Jawi. Tembung mungkin dipungantos menawa. Tembung jodohku dipungantos dados tembung jodhoku saha tembung aku sayang padamu dipungantos tembung aku tresna sliramu .

- (2) tiap malam aku mengenang sliramu raiso ngilangne senyummu seko atiku (D. 167)

Wonten data (2) tembung tiap malam aku mengenang saha senyummu kedahipun ngginakaken tembung basa Jawi. Tembung setiap malam aku mengenang dipungantos saben bengi aku kelingan sliramu. Tembung senyummu dipungantos tembung esemmu .

b. Panganggening Wuwuhan Basa Jawi tumrap Tembung Basa Indonesia

Kalepatan panyerating wuwuhan basa Jawi tumrap tembung basa Indonesia kapanggihaken ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma. Wondene kalepatan saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap.

(1) Bedo ra nemu dalane karo kowe aku ra ono bahagiane (D. 28)

Pethikan ing inggil menika ngandhut tembung ingkang lepat jalaran ngginakaken tembung basa Indonesia kanthi wuwuhan basa Jawi. Wonten data ing nginggil tembung bahagiane kedahipun ngginakaken basa Jawi. Tembung bahagiane saged dipungantos tembung bungahe utawi senenge.

c. Tembung ingkang Boten Baken

Kalepatan panyerating tembung basa Jawi ingkang boten baken kapanggihaken ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma. Wondene kalepatan saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap.

(1) kowe kok ngguya ngguyu dewe ora nyambut gawe malah sibuk karo hape (D. 147)

Ukara ing inggil menika ngandhut tembung ingkang lepat jalaran ngginakaken tembung basa Jawi ingkang boten baken. Wonten data ing inggil tembung hape menika saking tembung *HandPhone* ingkang dipuncetak dados HP. Wonten basa lesan HP menika dipunucapaken kanthi tembung hape.

4. Kalepatan Sintaksis

Panaliten menika ugi naliti babagan kalepatan basa Jawi ing seratan wonten *tataran sintaksis*. Wujuding kalepatan sintaksis inggih menika kalepatan urutaning tembung.

a. Kalepatan Urutaning Tembung

Kalepatan basa Jawi wonten *tataran sintaksis* inggih menika kalepatan urutaning tembung. Kalepatan urutaning tembung wonten frasa saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap.

(1) atiku ora gampang nompo iki kahanan (D. 74)

Pethikan ing inggil ngemu kalepatan urutaning tembung. Frasa iki kahanan ngemu kalepatan *frasa*, jalaran tembung katrangan menika mapan wonten ing pungkasaning ukara. Supados boten lepat, pramila tembung-tembung menika menika dipunewahi urutaning tembungipun. Ukara ingkang leres inggih menika Atiku ora gampang nampa kahanan iki.

(2) Yen pancen sik ngambang atimu koncoan wae tiwas mburi getun (D. 117)

Wonten pethikan ing inggil *frasa* ingkang lepat inggih menika mburi getun. Supados boten lepat, pramila tembung-tembung menika dipunewahi urutaning tembungipun. Ukara ingkang leres inggih menika Yen pancen sik ngambang atimu kancanan wae tiwas getun mburi.

BAB V

PANUTUP

A. DUDUTAN

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan kalepatan basa Jawi ing seratan cakepan tetembangan wonten salebeting VCD Nella Kharisma, pramila saged dipunpendhet dudutanipun.

1. Kalepatan *fonologis* basa Jawi ing seratan cakepan tetembangan VCD Nella Kharisma kapanggihaken jinis saha wujud kalepatan basa. Jinis kalepatan basa ingkang kapanggihaken inggih menika lepating seratan *vokal*, lepating seratan *konsonan*, panyerating tembung ingkang dipunwuwuhi aksara *konsonan*, panyerating tembung ingkang dipunkirangi aksara *konsonan*ipun, panyerating aksara kapital, saha panyerating tandha pamaos. Wondene wujud kalepatan basa inggih menika lepating seratan *fonem vokal* /ɔ/ dipunserat o, *vokal* /ɔ/ dipunserat e, *vokal* /u/ dipunserat o, *vokal* /o/ dipunserat u, *vokal* /i/ dipunserat e, *vokal* /e/ dipunserat i. Lepating seratan *fonem konsonan* kapanggihaken kanthi awujud /ḍ/ dipunserat d, /ṭ/ dipunserat t, /b/ dipunserat p, /y/ dipunserat i, /g/ dipunserat k, panyerating tembung ingkang dipunwuwuhi aksara *konsonan* /z/, panyerating tembung ingkang dipunkirangi aksara *konsonan*ipun /g/, /w/, /y/, /k/. Kajawi menika ugi kapanggihaken lepating panyeratan aksara *kapital* saha lepating panyeratan tandha pamaos (-).

2. Kalepatan *morfologis* basa Jawi ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma kapanggihaken jinising kalepatan inggih menika wuwuhan ater-ater, panambang saha wuwuhan sesarengan. Wondene wujuding kalepatan *morfologis* inggih menika lepating seratan ater-ater di-, tak-, tok, mbok-, ke-, saha sa-. Lepating seratan panambang -ake, -a, -na, -ana. Lepating seratan wuwuhan sesarengan N-/ake, N-/na, di-/ake, di-/na, tok-/i, tak-/ake, tak-/i, sa-/e, ke-/an.
3. Kalepatan *leksikal* basa Jawi ugi kapanggihaken ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma. Wujuding kalepatan leksikal inggih menika panganggening tetembungan basa Indonesia, panganggening wuwuhan basa Jawi tumrap tetembungan basa Indonesia, panyerating tetembungan ingkang boten baken saha tetembungan ingkang boten jumbuh kaliyan *konteksipun*.
4. Kalepatan *sintaksis* basa Jawi ugi kapanggihaken ing seratan cakepan tetembangan Nella Kharisma. Wujuding kalepatan *sintaksis* inggih menika kalepatan urutaning tembung wonten frasa.

B. IMPLIKASI

Asiling panaliten nedahaken bilih ing seratan cakepan tetembangan wonten salebeting VCD Nella Kharisma kapanggihaken kalepatan basa Jawi. Kalepatan basa Jawi dipunanalisis kanthi 4 tataran linguistik inggih menika *fonologis*, *morfologis*, *leksikal* saha *sintaksis*. Kalepatan basa Jawi ing seratan cakepan tetembangan wonten salebeting VCD Nella Kharisma saged ndayani kalepatan ingkang sami tumrap tiyang ingkang maos cakepan tembang. Pramila

kalepatan-kalepatan basa ing seratan cakepan tetembangan menika prelu dipunleresaken.

Asiling panaliten menika kaajab saged dipunangge minangka bahan tetandhingan wonten analisis kalepatan basa Jawi, mliginipun wonten analisis kalepatan basa Jawi seratan. Kajawi menika panaliten kaajab saged dados gegambaran kagem para pamaos saha panyerat supados saged ngginakaken basa Jawi jumbuh kaliyan paugeraning basa.

Panaliten menika ugi kaajab dados gegambaran kagem para panyerat cakepan wonten salebeting VCD supados mangertos babagan lepating panyeratan basa Jawi. Kanthi mekaten panyerat saged nyerat cakepan tetembangan kanthi leres saha jumbuh kaliyan paugeraning basa Jawi.

C. PAMRAYOGI

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembangan panaliten menika, wonten pamrayogi ingkang kedah dipungatosaken. Wondene pamrayoginipun inggih menika.

1. Panyerat cakepan tetembangan wonten salebeting VCD kedahipun mangertosi bedaning antawisipun basa Jawi lesan saha seratan ingkang jumbuh kaliyan paugeran basa, supados boten lepat anggenipun nyerat cakepan tetembangan.
2. Sasampunipun panaliten menika, saged dipuntindakaken panaliten salajengipun kanthi *fokus* ingkang beda, inggih menika naliti babagan kalepatan basa Jawi wonten basa lesan.

KAPUSTAKAN

- Bastra, Yoman. 2012. *Pengertian Citizen Journalism Menurut Para Ahli*, [Online], <http://jendelakomunikasi.wordpress.com/info/artikel/pengertainjurnalistik-menurut-para-ahli/>, diakses 04 Agustus 2019.
- Indihadi, Dian. 2012. *Analisis Kesalahan Berbahasa*. [Online]. Tersedia: <http://www.scribd.com/doc/53411928/AnalisisKesalahanBerbahasa/>, diakses 04 Agustus 2019.
- Kamus besar bahasa Indonesia [Online]. Tersedia: <https://kbbi.web.id>, diakses 5 Agustus 2019
- Keraf, Gorys. 1991. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Kridalaksana, Harimurti. 1993. *Kamus Linguistik*. Edisi ke 3. Jakarta: Gramedia Pustaka Umum.
- Manaf, Ngusman Abdul. 2009. *Sintaksis: Teori dan Terapannya dalam Bahasa Indonesia*. Padang: Sukabina Press.
- Mardalis. 2003. *Metode Penelitian Suatu Pendekatan Propros*. Cet VI. Jakarta: Bumi Aksara.
- Mulyana. 2011. *Morfologi Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Kenwa Publisher.
- _____. 2015. *Linguistik Umum*. Yogyakarta: Universitas Negeri Yogyakarta.
- Nurhayati, Endang dan Siti Mulyani, 2006. *Linguistik Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Bagaskara.
- Pateda, Mansur. 1989. *Analisis Kesalahan*. Ende: Arnoldus
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Jakarta: J.B. Wolters UM.
- Rusminto, Nurlaksana Eko. 2011. *Analisis Kesalahan Berbahasa (Sebuah Kajian Keterampilan Berbahasa pada Anak anak)*. Bandarlampung: Universitas Lampung.
- Setyawati, Nanik. 2010. *Analisis Kesalahan Berbahasa Indonesia Teori dan Praktik*. Surakarta: Yuma Pustaka.
- Sudaryanto. 1992. *Metode Linguistik*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Susilo, Edi. 2007. *Paramasastra Basa Jawi*. Universitas Negeri Malang.

- Tarigan, Henry dan Djago Tarigan. 2011. *Pengajaran Analisis Kesalahan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.
- Wedhawati. 2010. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta: Kanisius.
- Widiyati, Dian. 2012. *Kesantunan Kelakar dalam Acara Opera Van Java "Pecahkan Saja Cerminnya Biar Serem" di Trans 7*. Jurnal. Hal 3.
- Widjono, Hs. 2007. *Bahasa Indonesia: Mata Kuliah Pengembangan Kepribadian di Perguruan Tinggi*. Grasindo.
- Wiwin, dkk. 2004. *Pembentukan kata dan Pemilihan Kata dalam Bahasa Jawa*. Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.

Lampiran 1: Tabel Analisis Data

**TABEL ANALISIS KALEPATAN BASA JAWI ING SERATAN CAKEPAN TETEMBANGAN
WONTEN SALEBETING VCD NELLA KHARISMA**

No.	Cakepan	Jinising Kalepatan				Indikator
		Fonologi	Morfologi	Leksikal	Sintaksis	
1	2	3	4	5	6	7
1	<u>Rumekso</u> ingsun laku <u>nisto</u> <u>ngoyoworo</u>	√				Rumekso → Rumeksa 'njaga; ngrekse' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						nisto → nistha 'asor; ora luhur' → Kalepatan fonologis a dipunserat o saha th dipunserat t.
						ngoyoworo → ngayawara 'tanpa ana nyatane' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
2	Kalawan mekak <u>howo</u> , <u>howo</u> kang <u>durangkara</u>	√		√		howo → hawa 'kareping ati' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						durangkara → dur angkara → Kalepatan leksikal.
3	Senajan setan <u>gentayangan</u> tansah gawe <u>rubedo</u> hinggo pupusing jaman	√		√		gentayangan → Kalepatan leksikal ngginakaken tembung basa Indonesia.
						rubedo → rubeda 'alangan' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
4	Hamatag ingsun nyirep geni <u>wiso</u> <u>murko</u>	√				wiso → wisa 'kang jalari ora becik' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						murko → murka 'nesu; muring' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
5	Meper hardaning <u>ponco</u> saben ulesing <u>netro</u>	√				ponco → panca 'lima' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						netro → netra 'mata; mripat' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.

6	Linambaran sih kawelasan ingkang paring kamulyan <u>sang hyang jati pangeran</u>	√				sang hyang jati pangeran → Sang Hyang Jati Pangeran 'Gusti; Allah' → Kalepatan fonologis kedahipun dipunserat mawi hurup kapital
1	2	3	4	5	6	7
7	Jiwonggo kalbu <u>samudro</u>	√			√	jiwonggo → jiwangga (jiwa angga) 'jiwa raga' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. samudro → samudra 'segara' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
8	Pepuntoning laku tumuju <u>dateng</u> Gusti <u>dzat</u> kang <u>amurbo</u> dumadi	√			√	dateng → dhateng 'marang' → Kalepatan fonologis dh dipunserat d. dzat → dat 'kang mengku sipat (kaanan) → Kalepatan fonologis +z amurbo → amurba 'nguwasani' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
9	Manunggaling <u>kawulo</u> Gusti	√			√	kawulo → kawula 'batur; abdi; aku' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
10	Krenteg ati bakal dumadi mukti ingsun <u>tanpo</u> piranti	√			√	tanpo → tanpa 'ora nganggo' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
11	Sumebyar ing <u>sukmo</u> madu sarining <u>perwito</u>	√				sukmo → sukma 'jiwa; nyawa' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. perwito → prewita 'maguru' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
12	Maneka <u>warno</u> <u>prodo</u> mbangun <u>projo</u> <u>sampurno</u>	√				warno → warna 'rupa; corak' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. prodo → prada 'bubukan emas kanggo nyungging wayang' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. projo → praja 'kraton; kawula; ajining dhiri' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. sampurno → sampurna 'genep; wutuh' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
13	<u>Sengkolo</u> <u>tido</u> <u>mukso</u> <u>kolobendu</u> <u>nyoto</u> <u>sirno</u> tyasing <u>roso</u> <u>mardiko</u>	√				sengkolo → sengkala 'tetengering taun; petungan taun' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. tido → tidha 'remeng-remeng tmr pandeleng; samar' → Kalepatan fonologis dh dipunserat d saha a dipunserat o. mukso → muksa 'oncat luwar saka ragane' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. kolobendu → kalabendu 'bebendu; nalika ana bebendu' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. nyoto → nyata 'temenan; ora goroh' → Kalepatan fonologis a

					dipunserat o.
					sirno → sirna 'ilang babar pisan' → a dipunserat o.
					roso → rasa 'kaananing ati' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.

1	2	3	4	5	6	7
						mardiko → mardika 'sing kuwasa lan wicaksana' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
14	<u>Mugiyo</u> den <u>sedyo</u> <u>pusoko</u> kalimosodo yekti dadi <u>mustiko</u>	√	√			mugiyo → mugia → Kalepatan morfologis panambang -a (sufiks) sedyo → sedya 'niyat; maksut; karep' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. pusoko → pusaka 'barang warisan; gaman sekti' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. mustiko → mustika 'bangsa watu sing ngetokake kaluwihan' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
15	Sajroning <u>jiwo</u> <u>rogo</u> <u>bejo</u> <u>mulyo</u> <u>waskito</u> <u>digdoyo</u> <u>bowo</u> <u>leksono</u> byar manjing <u>sigro-sigro</u>	√				jiwo → jiwa 'nyawa' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. rogo → raga 'awak; badan' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. bejo → begja 'nampa lelakon sing nyenengake' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. mulyo → mulya 'luhur' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. waskito → waskitha 'weruh marang prakara kang sinamur batine uwong; awas' → Kalepatan fonologis th dipunserat t saha a dipunserat o. digdoyo → digdaya 'sekti' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. bowo → bawa 'kaanan; sipat' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. leksono → laksana 'ciri; tenger; laku' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. sigro-sigro → Sigra 'rikat, enggal' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
16	Ampuh sepuh wutuh tan <u>keno</u> <u>iso</u> paneluh	√		√		keno → kena 'ora luput anggone namakke' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. iso 'iwak usus (kebo, sapi, wedhus)' → Kalepatan leksikal mbedakaken tegesing tembung. isa 'bisa' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
17	<u>Satriyo</u> <u>toto</u> <u>sembodo</u> <u>wirotomo</u> katon sewu <u>kartiko</u> ketaman wahyu kolosebo	√				satriyo → satriya 'wong luhur; prajurit luhur' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. toto → tata 'beciking pangetrap' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. sembodo → sembada 'sarwa kecukupan; pantes' → Kalepatan fonologis

| | | | | a dipunserat o. |

1	2	3	4	5	6	7
						wirotomo → wirotama 'kendel banget' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						kartiko → kartika 'lintang; mangsa kapat' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
18	Memuji ingsun <u>kanti</u> <u>suwito</u> linuhung	√		√		kanti 'nganti' → Kalepatan leksikal mbedakaken tembung.
						kanthi 'kalawan; binarengan ing' → Kalepatan fonologis th dipunserat t.
						suwito → suwita 'ngenger; ngabdi' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
19	<u>Segoro gondo</u> arum swuh rep <u>dupo</u> kemelun	√				segoro → segara 'sagara; kendhonganing banyu asin' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						gondo → ganda 'ambu; wewangi' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						dupo → dupa 'kutug menyan; ngobong menyan' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
20	Ginulah niat ingsun hangidung <u>sabdo</u> kang luhur titahing <u>sang hyang agung</u>	√				sabdo → sabda 'swara; gunem; tetembungan' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						sang hyang agung → Sang Hyang Agung 'Gusti; Allah' → Kalepatan fonologis kedahipun dipunserat mawi hurup kapital.
21	Rembesing <u>tresno tondo</u> luhing <u>netro</u> <u>roso</u>	√				tresno → tresna 'asih' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						tondo → tandha 'tetenger' → Kalepatan fonologis a dipunserat o saha dh dipunserat d.
						netro → netra 'mata; mripat' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						roso → rasa 'kaananing ati' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
22	<u>Roso</u> rasaning ati <u>kadyo</u> <u>tirto</u> kang suci	√				roso → rasa 'kaananing ati' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						kadyo → kadya 'kaya; kadi' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						tirto → tirta 'banyu suci' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
23	<u>Kawistoro jopo montro kondang</u> dadi <u>pepadang</u> palilahing Sang Hyang Wenang	√		√		kawistoro → kawistara 'ketara; katon cetha' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						jopo → japa 'donga dianggo nenambani' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						montro 'kembang tiruan; peteng ulate' → Kalepatan leksikal mbedakaken tegesing tembung.

						mantra 'donga' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
1	2	3	4	5	6	7
						kondang → kondhang 'misuwur; kelok' → Kalepatan fonologis dh dipunserat d.
						pepadang → pepadhang 'apa-apa sing njalari padhang' → Kalepatan fonologis dh dipunserat d.
24	Nowo dewo jawoto tali santiko bawono	√				nowo → nawa 'tawa; nganyang' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						dewo → dewa 'roh luhur sing dianggep manguwasani salah sijining kodrat' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						jawoto → jawata 'dewa' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						santiko → santika 'wasis ulah gaman (ing paprangan)' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						bawono → bawana 'jagad; tanah sing jembar' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
25	Prasido sidikoro ing sasono asmoro loyo	√		√		prasido → prasida 'kelakon dadi; sida' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						sidikoro → sidikara 'dipuja; ndongani' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						sasono → sasana 'papan; piwuang' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						asmoro → asmoro 'seneng marang; rasa tresna' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						loyo → loyo 'aras-arasen; ringkih' → Kalepatan leksikal mbedakaken tegesing tembung.
						loyo → laya 'panggonan' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
26	Sri narendro kolosebo winisudo ing gegono datan gingsir sewu warso	√				narendro → narendra 'ratu' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						winisudo → winisudha 'dijunjung pangkate' → Kalepatan fonologis dh dipunserat d saha a dipunserat o.
						gegono → gegana 'awang-awang; langit' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						warsa → warsa 'taun' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.

27	<u>Bedo</u> ra nemu dalane karo kowe aku ra <u>ono</u> <u>bahagiane</u>	√		√		bedo → beda 'ora padha' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. ono → ana 'katon maujud, pancen nyata' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
1	2	3	4	5	6	7
						bahagiane → Kalepatan leksikal tembung basa Indonesia kanthi wuwuhan basa Jawi.
28	Timbang <u>gelo</u> mung <u>disio-sio</u>	√			√	gelo → gela 'rasa cuwa marga ora cocog karo sing dikarepake' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. disio-sio → disiya-siya 'disepelekake' → Kalepatan fonologis a dipunserat o saha -y.
29	Rasah digawe <u>dowo</u> <u>crito</u> iki <u>tresno</u> ra bakal <u>iso</u> nyawiji	√		√	√	dowo → dawa 'panjang; kosok baline cendhak' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. crito → cerita 'dongeng, kandhane wong' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. tresno → tresna 'asih' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. iso 'iwak usus (kebo, sapi, wedhus)' → Kalepatan leksikal mbedakaken tegesing tembung. isa 'bisa' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
30	Abot kesel sing <u>ngrasak ake</u> karo kowe anane mung rame wae		√			ngrasak ake → ngrasakake → Kalepatan morfologis wuwuhan n-/ake. (konfiks)
31	<u>Soyo</u> ajur polahmu <u>soyo</u> ngawur	√				soyo → saya 'tansah mundhak-mundhak' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
32	Mikir awakmu <u>dewe</u> karepmu <u>dewe</u> <u>tanpo</u> kelingan janji awale	√				dewe → dhewe 'ijen tanpa rewang' → Kalepatan fonologis dh dipunserat d. tanpo → tanpa 'ora nganggo' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
33	Pancen iki dudu <u>jodohne</u> rasah <u>di</u> <u>peksakke</u>	√	√	√		jodoh → Kalepatan leksikal tembung basa Indonesia kanthi wuwuhan basa Jawi. di peksakke → dipeksakake → Kalepatan morfologis wuwuhan di-/ake (konfiks)
34	Pancen iki <u>wes</u> <u>ono</u> dalane	√			√	wes → wis 'rampung anggone tumindak' → Kalepatan fonologis i dipunserat e. ono → ana 'katon maujud, pancen nyata' → Kalepatan fonologis a

						dipunserat o.
35	<u>Percoyo</u> wae Gusti mboten nate sare	√			√	percoyo → percaya 'pitaya marang, ngandel marang' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
36	Kowe <u>ratau</u> ngerteni <u>roso</u> iki <u>kepati pati</u>	√		√		ratau → ra tau → Kalepatan leksikal
						roso → rasa 'kaananing ati' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
1	2	3	4	5	6	7
						kepati pati → kepati-pati → Kalepatan fonologis tandha pamaos (-)
37	<u>Tibo</u> butuh kowe nggoleki aku piye kowe ra perduli	√				tibo → tiba 'saka ing papan dhuwur lumarap mangisor' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
38	Ra perlu ngomongke <u>tresno</u> yen kuwi mung gawe <u>loro</u>	√		√		tresno → tresna 'asih' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						loro 'wilangan sawise siji sadurunge telu' → Kalepatan leksikal mbedakaken tegesing tembung.
						lara 'nandang ora kepenak ing badane' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
39	Ra perlu dolanan <u>roso</u> awak <u>dewe</u> penak <u>konco</u>	√				roso → rasa 'kaananing ati' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						dewe → dhewe 'ijen tanpa rewang' → Kalepatan fonologis dh dipunserat d.
						konco → kanca 'rewang' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
40	<u>Cobo</u> <u>rungokno</u> nyanyian iki	√	√		√	cobo → coba 'nyumurupi kaanan kang sejatine' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						rungokno → rungokna (rungu + -na) → Kalepatan morfologis panambang -na. (sufiks)
41	<u>Nyeritakke</u> <u>tresno</u> <u>seng</u> <u>kependem</u> <u>ono</u> ing <u>dodo</u>	√	√	√	√	nyeritak ake → nyeritakake → Kalepatan morfologis wuwuhan n-/ake (konfiks)
						tresno → tresna 'asih' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						seng 'katrangan mambu ambu sing ora enak'; seng 'sangka, saka' → Kalepatan leksikal mbedakaken tegesing tembung.

						sing 'kang' → Kalepatan fonologis i dipunserat e. ono → ana 'katon maujud, pancen nyata' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. dodo → dhadha 'gembung sing ngarep (sandhuwure weteng)' → Kalepatan fonologis dh dipunserat d.
1	2	3	4	5	6	7
42	Kudu piye aku <u>mesti</u> piye					mesti → mesthi 'netepake ing sadurunge' → Kalepatan fonologis th dipunserat t.
43	Yen pancen ngene dalane uripku iki kudu koyo ngene	√		√		koyo 'plester mawa obat panganggone ditemplekake ing kulit' → Kalepatan leksikal mbedakaken tegesing tembung. kaya 'sairib karo, meh padha karo' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
44	Senajan kowe <u>wes</u> karo liyane nanging <u>tresnoku</u> ro kowe ora <u>iso tak lalekke</u>	√	√	√		wes → wis 'rampung anggone tumindak' → Kalepatan fonologis i dipunserat e. tresnoku → tresna 'asih' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. iso 'iwak usus (kebo, sapi, wedhus)' → Kalepatan leksikal mbedakaken tegesing tembung. isa 'bisa' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. tak lalekke → taklalekake → Kalepatan morfologis wuwuhan tak-/ake. (konfiks)
45	Ora bakal ilang <u>tresnoku di nggo</u> kowe	√	√			tresnoku → tresna 'asih' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. di nggo → dinggo → Kalepatan morfologis ater-ater di-. (prefiks)
46	<u>Wes tak tutup</u> atiku <u>di nggo</u> liyane	√	√		√	wes → wis 'rampung anggone tumindak' → Kalepatan fonologis i dipunserat e. tak tutup → taktutup → Kalepatan morfologis ater-ater tak-. (prefiks) di nggo → dinggo → Kalepatan morfologis ater-ater di- (prefiks)
47	<u>Mergo</u> kowe <u>seng paleng tak tresnani</u>	√	√	√	√	mergo → merga 'jalaran' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.

					seng 'katrangan mambu ambu sing ora enak'; seng 'sangka → Kalepatan leksikal mbedakaken tegesing tembung.
					saka 'sing 'kang' → Kalepatan fonologis i dipunserat e.
					tak tresnani → taktresnani → Kalepatan morfologis wuwuhan tak-/i. (konfiks)
					paleng 'lara ngelu' → Kalepatan leksikal mbedakaken tegesing tembung.

1	2	3	4	5	6	7
						paling 'tembung sing mratelakake ora ana sing ngungkuli utawa ora ana liyane' → kalepatan fonologis i dipunserat e.
48	Senajan <u>tresno</u> iki mung <u>kependem</u> ning ati	√				tresno → tresna 'asih' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. kependem → kependhem 'ndokok ing sajroning lemah' → Kalepatan fonologis dh dipunserat d
49	<u>Lorone</u> ati <u>bagai tertusuk duri</u>	√		√		loro 'wilangan sawise siji sadurunge telu' → Kalepatan leksikal mbedakaken tegesing tembung. lara 'nandang ora kepenak ing badane' → a dipunserat o. tertusuk duri → Kalepatan leksikal tembung basa Indonesia.
50	<u>Raiso</u> sambat <u>aku mencoba kuat</u> nanging malah tambah <u>loro</u>	√		√	√	raiso → ra iso → Kalepatan leksikal. ra isa 'ora bisa' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. aku mencoba kuat → tembung basa Indonesia loro 'wilangan sawise siji sadurunge telu' → Kalepatan leksikal mbedakaken tegesing tembung. lara 'nandang ora kepenak ing badane' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
51	Kelingan kowe <u>ngeliyo</u>	√				ngeliyo → liya 'seje, ora kagolong marang' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
52	Nandur kembang malah thukule brambang gawe mripat iki nangis ati tansah <u>ke ires-ires</u>					ke ires-ires → keiris-iris → Kalepatan morfologis ater-ater ke- (prefiks). ke ires-ires → keiris-iris → Kalepatan fonologis i dipunserat e.
53	Ora <u>nyonko</u> kowe milih uwong <u>liyo padahal aku selalu ono ratau</u> gawe kowe <u>loro</u>	√		√		nyonko → nyangka (ny+sangka) 'sangkan, saka' → Kalepatan fonologis a dipunserat o saha -g. liyo → liya 'seje, ora kagolong marang' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.

						padahal aku selalu → tembung basa Indonesia
1	2	3	4	5	6	7
						ono → ana 'katon maujud, pancen nyata' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						ratau → ra tau → Kalepatan leksikal
						loro 'wilangan sawise siji sadurunge telu' → Kalepatan leksikal mbedakaken tegesing tembung.
						lara 'nandang ora kepenak ing badane' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
54	Yen pancen ngene balesanmu aku mung <u>iso</u> pasrah tak <u>tangisono</u> kuwi <u>wes</u> dadi karepmu	√	√	√		iso 'iwak usus (kebo, sapi, wedhus)' → Kalepatan leksikal mbedakaken tegesing tembung.
						isa 'bisa' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						tangisono → tangisana (tangis+ana) 'swara pasambate wong susah' → Kalepatan morfologis panambang -ana. (sufiks)
						wes → wis 'rampung anggone tumindak' → Kalepatan fonologis i dipunserat e.
55	Janji <u>setio</u> saiki mung dadi <u>cerito</u> <u>mergo</u> kowe malah milih wong <u>liyo</u>	√				setio → setya 'tansah mantep ing pasuwitane' → Kalepatan fonologis y dipunserat i saha a dipunserat o.
						cerito → cerita 'dongeng, kandhane wong' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						mergo → merga 'jalaran' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						liyo → liya 'seje, ora kagolong marang' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
56	Ora <u>peduli</u> kepiye <u>perasaanku</u> iki			√		peduli; perasaanku → Kalepatan leksikal tembung bahasa Indonesia
57	Ning ngarepe <u>moto</u> kowe malah <u>ngeliyo</u>	√				moto → mata 'mripat, pirantining pancadriya sing dianggo ndeleng' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						ngeliyo → liya 'seje, ora kagolong marang' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.

58	<u>Wes</u> kadung <u>tresno</u> aku digawe <u>loro</u>	√		√	wes → wis 'rampung anggone tumindak' → Kalepatan fonologis i dipunserat e.
					tresno → tresna 'asih' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.

1	2	3	4	5	6	7
						loro 'wilangan sawise siji sadurunge telu' → Kalepatan leksikal mbedakaken tegesing tembung.
						lara 'nandang ora kepenak ing badane' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
59	<u>Opo</u> salahku iki <u>kok</u> kamu malah <u>pergi</u>	√		√		opo → apa 'tembung pitakon bab arane barang lsp' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. kok kamu malah pergi → Kalepatan leksikal tembung basa Indonesia.
60	<u>Nyesek</u> ning jero ati aku <u>wes</u> cinta <u>mati</u>	√		√		wes → wis 'rampung anggone tumindak' → Kalepatan fonologis i dipunserat e. nyesek; cinta mati → Kalepatan leksikal tembung basa Indonesia.
61	<u>Padahal</u> aku tulus kowe malah nglarani			√		padahal → Kalepatan leksikal tembung basa Indonesia.
62	Bab dilarani jane aku <u>wes</u> kebal	√			√	wes → wis 'rampung anggone tumindak' → Kalepatan fonologis i dipunserat e.
63	Nanging aku ro kowe kadung <u>terlalu dalam</u>			√	√	terlalu dalam → Kalepatan leksikal tembung basa Indonesia.
64	Jujur aku ra kuat nglakoni <u>tresno</u> iki	√				tresno → tresna 'asih' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
65	Aku kudu <u>ngrasak ake</u> sliramu mbagi ati		√			ngrasak ake → ngrasakake → Kalepatan morfologis wuwuhan n-/ake. (konfiks)
66	Bubur kacang ijo campur ketan ireng ajur <u>njobo</u> njero mikir <u>koe</u> dadi cumleng	√				njobo → njaba 'ing jaba, ing papan sing ora kauban payon' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. koe → kowe 'panyebut marang wong sing diajak guneman' → Kalepatan fonologis -w
67	Pilih mangan <u>sego</u> tinimbang mangan roti	√				sego → sega 'beras sing wis mateng' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
68	Ra <u>nyonko</u> <u>koe</u> <u>tego</u> janjimu <u>tok</u> blenjani	√	√			nyonko → nyangka (ny+sangka) 'sangkan, saka' → Kalepatan fonologis a dipunserat o saha -g. koe → kowe 'panyebut marang wong sing diajak guneman' → Kalepatan fonologis -w tego → tega 'wis ninggal kadonyan' → Kalepatan fonologis a dipunserat o tok blenjani → tokblenjani → Kalepatan morfologi ater-ater tok-

						(prefiks)
69	<u>Tresno</u> tenanan malah <u>tok nggo</u> dolanan	√	√			tresno → tresna 'asih' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
1	2	3	4	5	6	7
						tok nggo → toknggo → Kalepatan morfologis ater-ater tok-. (prefiks)
70	Atiku ora gampang <u>nompo iki kahanan</u>	√			√	nompo → nampa 'nggawa ing tembor lsp' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. atiku ora gampang nampa <u>iki kahanan</u> → kahanan iki → kalepatan sinteksis urutaning tembung.
71	Kudu iklas <u>nglalek ake tak kubur dalam dalam</u>		√	√		nglalek ake → nglalekake → Kalepatan morfologis wuwuhan n-/ake. (konfiks) tak kubur dalam dalam → Kalepatan leksikal tembung basa Indonesia kanthi wuwuhan basa Jawi.
72	<u>Mugo</u> iki <u>terakhir</u> <u>ngalami</u> kegagalan	√		√		mugo → muga 'tembung kanggo mratelakake pamuji' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. terakhir; alami kegagalan → Kalepatan leksikal tembung basa Indonesia
73	<u>Ojo</u> salahke aku <u>wes</u> nglarani atimu <u>mergo</u> kowe <u>wes</u> gawe tatu sumpah <u>setiaku</u>	√				ojo → aja 'ora kena (nindakake, nglakoni)' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. wes → wis 'rampung anggone tumindak' → Kalepatan fonologis i dipunserat e. mergo → merga 'jalaran' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. setiaku → setya → Kalepatan fonologis y dipunserat i.
74	<u>Ojo</u> salahke aku <u>tak pilih</u> ninggalke kowe <u>wolak walik dunyo</u> kowe karmane	√	√			ojo → aja 'ora kena (nindakake, nglakoni)' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. tak pilih → takpilih → Kalepatan morfologis ater-ater tak-. (prefiks) wolak walik → wolak-walik → Kalepatan fonologis tandha pamaos (-). dunyo → donya 'jagad' → Kalepatan fonologis a dipunserat o saha o dipunserat u.
75	<u>Uwes</u> cukup leku gawe kowe nangis, <u>uwes</u> cukup leku gawe kowe tetangis	√				uwes → uwis 'rampung anggone tumindak' → Kalepatan fonologis i dipunserat e

76	Senadyan ati iki ora tegel ndelokne ora bakal ku ndilat <u>tresnoku</u> bali neng kowe	√				tresno → tresna 'asih' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
77	<u>Loroku</u> sing biyen saiki bali neng kowe			√		loro 'wilangan sawise siji sadurunge telu' → Kalepatan leksikal mbedakaken tegesing tembung.

1	2	3	4	5	6	7
						lara 'nandang ora kepenak ing badane' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
78	Ngenes tenan nek <u>dirasakno</u> awan bengi <u>kerjo nggolekno sopo</u>	√	√			dirasakno → dirasakana → Kalepatan morfologis wuwuhan di-/na. (konfiks) kerjo → kerja 'nyambut gawe' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. nggolekno → nggolekna 'nglari supaya bisa ketemu' → Kalepatan morfologis wuwuhan n-/na. (konfiks) sopo → sapa 'tembung pitakon nakokake jeneng wong' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
79	Nganti kebal aku diece <u>konco</u> kok rung rabi <u>padahal</u> aku wis <u>tuwo</u>	√		√		konco → kanca 'rewang' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. padahal → Kalepatan leksikal tembung basa Indonesia. tuwo → tuwa 'wis kliwat umur' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
80	Pingine saben turu <u>ono</u> sing ngeloni, saben isuk <u>ono</u> sing gelem ngambungi pipi	√				ono → ana 'katon maujud, pancen nyata' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
81	Atiku nganti mangkel jawabe nganti kesel <u>bola bali</u> ditakoni kapan aku rabi					bola bali → bola-bali → Kalepatan fonologis tandha pamaos (-)
82	Sirahku nganti ngelu nek ketemu sedulurku <u>mesti</u> sing ditakonke endi calonmu					mesti → mesthi 'netepake ing sadurunge' → Kalepatan fonologis th dipunserat t.
83	Aku iseh <u>berjuang</u> mergane aku <u>faham</u> rabi saiki larang <u>opo</u> maneh nggo dangdutan	√		√		berjuang; faham → Kalepatan leksikal tembung basa Indonesia opo → apa 'tembung pitakon bab arane barang lsp' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
84	<u>Seng</u> gelem karo aku ayo jaken neng <u>penghulu noto urep bareng bareng</u> karo aku	√		√		seng 'katrangan mambu ambu sing ora enak'; seng 'sangka, saka' → Kalepatan leksikal mbedakaken tegesing tembung. sing 'kang' → Kalepatan fonologis i dipunserat e.

						penghulu; bareng bareng → Kalepatan leksikal tembung bahasa Indonesia.
1	2	3	4	5	6	7
						noto → nata 'ngrakit, masang' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						urep → urip 'kadunungan kaanan bisa mobah-mosik' → Kalepatan fonologis i dipunserat e.
85	Aku <u>tresno</u> ro kowe <u>tresno</u> <u>seng</u> <u>saktenane</u> kabeh <u>wes</u> <u>tak kekke</u> ro kowe atine	√	√	√		tresno → tresna 'asih' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. seng 'katrangan mambu ambu sing ora enak'; seng 'sangka, saka' → Kalepatan leksikal mbedakaken tegesing tembung. sing 'kang' → Kalepatan fonologis i dipunserat e. wes → wis 'rampung anggone tumindak' → Kalepatan fonologis i dipunserat e. tak kekke → takkekake → Kalepatan morfologis wuwuhan tak-/ake (konfiks) saktenane → satenane → Kalepatan morfologis wuwuhan sa-/e. (konfiks)
86	Senajan aku <u>wes</u> duwe bojo sing <u>sak</u> <u>tenane</u> nanging aku <u>tresnone</u> <u>yo</u> mung ro kowe	√	√			wes → wis 'rampung anggone tumindak' → Kalepatan fonologis i dipunserat e. saktenane → satenane → Kalepatan morfologi wuwuhan sa-/e (konfiks) tresnone → tresna 'asih' → Kalepatan fonologis a dipunserat o. yo → ya → 'kanggo wangsulan mratelakake yen cocok' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
87	<u>Roso</u> ati ra tenang <u>mikir</u> <u>ke</u> <u>selingkuhan</u> tansah tak awang-awang mabur <u>koyo</u> layangan	√	√	√		roso → rasa 'kaananing ati' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.

1	2	3	4	5	6	7
						koyo 'plester mawa obat panganggone ditemplekake ing kulit' → Kalepatan leksikal mbedakaken tegesing tembung.
						kaya 'sairib karo, meh padha karo' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
88	<u>Padahal</u> bojo neng omah <u>mikir ke</u> dadi susah <u>opo seng</u> kudu dilakoni aku <u>bingung sendiri</u>	√	√	√		padahal; bingung sendiri → Kalepatan leksikal tembung basa Indonesia.
						mikir ke → mikirake → Kalepatan morfologis panambang -ake (sufiks)
						opo → apa 'tembung pitakon bab arane barang lsp' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						seng 'katrangan mambu ambu sing ora enak'; seng 'sangka, saka' → Kalepatan leksikal mbedakaken tegesing tembung.
						sing 'kang' → Kalepatan fonologis i dipunserat e.
89	Pancen <u>tak akoni</u> <u>tresnoku</u> <u>setengah mati</u> <u>tapi</u> aku ra wani ngingkari <u>janji suci</u>	√	√	√		tresnoku → tresna 'asih' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						tak akoni → takakoni → Kalepatan morfologis wuwuhan tak-/i (konfiks)
						setengah mati; tapi; janji suci → Kalepatan leksikal tembung basa Indonesia
90	<u>Mungkin</u> kowe udu <u>jodohku</u> <u>tapi</u> <u>aku sayang padamu</u> jujur <u>soko</u> jero atiku	√		√		mungkin; jodohku; tapi; aku sayang padamu → Kalepatan leksikal tembung basa Indonesia.
						soko → saka 'nerangake asale' → Kalepatan fonologis a dipunserat o
91	Sayang aku ikhlas <u>trimo</u> dadi <u>seng</u> ke loro nadyan abot <u>roso</u> <u>seng</u> <u>tak</u> <u>songgo</u>	√	√	√		trimo → trimo → trima 'nampa klawan panuwun' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						seng 'katrangan mambu ambu sing ora enak'; seng 'sangka, saka' → Kalepatan leksikal mbedakaken tegesing tembung.

sing 'kang' → Kalepatan fonologis i dipunserat e.

1	2	3	4	5	6	7
						roso → rasa 'kaananing ati' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						songgo → sangga 'dicuwak saka ngisor' → Kalepatan fonologis a dipunserat o.
						tak sangga → taksangga → Kalepatan morfologis ater-ater tak- (prefiks)
